No. 33 — 15 Augustus 1930 — Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,—
½ „ . . . f 3,—
3 woelan . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN.

Lembaran 1:
Poesaka Rah Dalem ing Boxmeer — Mesakaken — A. van Dijck — Panglimbang — Kaloeng pangilon — Njempal baoe — Tanggap sabda — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap - sari — Wawasan boekoe — Correspondentie.

Lembaran 2:
Parepatan Commissie tata-tjara ingkang sapisanan ing Soerakarta — Parepatan Maria - Mediatrix Ambarawa — Parepatan oemoem K. W. ing Blitar — Poenapa sampoen djamanipoen — f 30.000. . . . Saking Moskau??? — Saking Kedoengwoeni S. C. S. — Grédja énggal — Woelangan gending ing N. S. Moentilan.

POESAKA RAH DALEM ING BOXMEER.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 32.

Ombjaking tijang.

Manawi pinoedjoe grebegan kados kaseboet ing ngadjeng poenika ing Boxmeer ramé sanget. Lesmènlesmèn laris, sasat bandjir bir. Bir poenika kénging dipoenwastani tjao nagari Welandi. Tijang ing Brabant lan Limburg dasar sampoen kalok remen minoem, mangka pinoedjoe grebegan, dados inggih ngiras ngaléloejah. Saminipoen: sadèrèk Ngajodja manawi désèmberan, bakda Mis daloe, teroes ndèrèk mis Kranggan. Leresipoen poenika radi kirang prajogi, ananging kados-poendi malih; kabingahan kasoekman poenika wentaripoen soemrambah ing wadag. Prajoginipoen makaten inggih ladjeng mantoek, wonten grija djagongan poenapa kados-poendi . . . . .

Makaten oegi tijang ing Boxmeer, manawi pinoedjoe soeka-soeka, pengpenganipoen inoem-inoeman. Ananging tijang-tijangipoen èstri ingkang kaepeng anggènipoen sembahjang, langkoeng-langkoeng tijang ingkang sami soedjarah, sadinten moepoet sasat wonten ing Grédja kémawon. Tetijang ingkang sami soedjarah padatanipoen medak saking sepoer, teroes dateng Grédja, irid-iridan ndlidir, toeroet margi menjanji. Tjara roemijin tjarijosipoen katah ingkang darat, sanadjan grijanipoen lampahan satengah dinten oetawi sadinten. Saweneh malih wonten ingkang sepatoenipoen kadjeng mawi dipoenisèni krikil, kanggé tirakat. Temtoe kémawon soekoe inggih rentjem.

Jèn sampoen sami doemoegi Grédja, ladjeng sembahjang wonten ngarsaning poesaka Rah Dalem. Poesaka waoe kapasang ing grijan alit kaseboet ngadjeng, wonten ing bangkoe inggih kapadjang-padjang, ing ngadjeng kapasangan lilin.

Ing tanah Djawi tijang soedjarah poenika padatan sami mbekta sekar borèh kalijan séla menjan. Jèn negari Welandi sadjènipoen woedjoed malam badé lilin, kaebjoekaken ing ngarsaning poesaka. Roemijin tjarijosipoen tijang ingkang soedjarah, katah ingkang sami ngoebengi damparing poesaka kalijan mbrangkang, kados tijang Djawi manawi tirakat ngoebengi ringin koeroeng Ngajodja oetawi Soerakarta poenika. Samangké padatan ingkang kados makaten poenika sampoen boten toemindak. Wontenipoen sapoenika anggènipoen nglairaken soengkemipoen dateng Rah Dalem, namoeng noetjoep. Éwasamanten koela samerep anggènipoen sami sembahjang oetawi anggènipoen katingal mrelokaken sanget, manah kapranan. Tetijangipoen kiji-kiji katawis sajah, wonten ingkang ngaso satjelaking Grédja, ngadeg oetawi linggih koersi kalijan mangkoe anakipoen, njanding boentelan, bokmanawi lilin. Tijang kados makaten poenika kristenipoen temtoe sampoen ngojod saèstoe!

Manawi pinoedjoe arak-arakan makaten poenika, bango-bango, oetawi tijang dasar djadjanan inggih wonten, saja roemijin; wonten ingkang sadé dolanan poenapa, dados kados sekatèn. Taoen poenika bango boten katah. Bango negari Welandi poenika ingkang dipoendamel blabag, pajon sèng pisang-salirang, wonten ingkang namoeng mota dipoendjèrèng, toeroet pinggir margi. Déné ingkang mandé djaler wonten, èstri inggih wonten. Woedjoeding dasaran warni-warni, roti, tjemplon inggih wonten, woh-wohan lss.

Prakawis panganggé toemrap tijang djaler sami kalijan Landi-landi tanah Djawi, nanging rasoekan toetoep boten wonten. Badénipoen ratjak bangsa wol oetawi dril. Tijangipoen èstri wonten ingkang tjara modern, tegesipoen: sarwa tipis lan doemoegi dengkoel kados njonjah tanah Djawi; wonten oegi ingkang tjara kina i. p.: rok tjemeng, broekoet, doemoegi kemiri, lengenan doemoegi oegel-oegel, mawi kados kopjah soetra petak, dipoenwiroe ngantos ndjebabah kados tjaping ing wingking tirah dawah ing geger, jèn dipoensawang saking katebihan kados sreban kadji.

Bab pasemoning tijang inggih warni-warni, wonten ingkang sadjak sigrak-sigrak kados Landi ingkang wonten tanah Djawi, wonten ingkang limrah, wonten oegi ingkang koeloeh-koeloeh pating ketotor, mawi sepatoe kadjeng.

Tjekak aos ombjaking tijang ramé sanget. Moerih terangipoen para maos koela atoeri mrelokaken mirsani pijambak. Mangga sadèrèk Seminarie, sinten ingkang kepéngin mirsani, koela atoeri tindak dateng Boxmeer. Èstoe kok! saé sajektos temenan!

Noewoen:
fr. Dionysius O. C.

ECONOMIE.

MESAKAKEN.

Anggèn koela mastani awis jatra ing Sw. Tm. no. 21 samangké saja tjeta ketingalipoen, jèn nitik kawontenaning para dagang. Tandanipoen reregèning barang samangké mirah sanget jèn katanding taoen kapengker. Kadosta:

kopi th. '28 reginipoen ndalem 1 datjin f 55.-
„ '29 f 45.- '30 f 20.- — f 26.-
sata „ '28 prasasat boten padjeng.
„ '29 doemoegi f 85.- '30 f 30.-
gabah krètèk th. '29 1 datjin doemoegi f 4,50
sapoenika namoeng f 3,20.
djagoeng th. '29 doemoegi f 4.-
„ '30 namoeng f 2.-

Djagoeng poenika damel soesahing kantja tani ing ngredi djalaran pamedalipoen soeda, reginipoen mlorot.

Tjatetan koela bab reregèning barang poenika mirid omongipoen satoenggiling bakoel ageng dateng koela.

Mila jèn njata mekaten genah inggih mesakaken kantja tani lan dagang alit - alit.

Ing Grabag katah soedagar koewadéjan ingkang asring mandé dateng peken Ngablak oetawi Pingit.
Grabag — Ngablak ± = 7 pal.
„ — Pingit namoeng 4 pal.

Pambektanipoen dagangan temtoe tjoetjoel wragad. Ingkang sadé dagangan wonten ing peken temtoe nedanipoen. Mlampah mantoek boten tjekap wragad f 1. Nanging wonten peken presasat boten pepadjengan, malah terkadang woedoe saèstoe. Menawi dipoenawisi tijang, bati 1 ketip kémawon kasoekakaken, malah terkadang boek kémawon sampoen énggal² kaetjoelaken, djalaran selak sijang dèrèng angsal jatra kanggé wragad pambektanipoen. Mila manawi saking grija boten ngandoet jatra pijambak, boten saged djadjan jèn namoeng ndjagèkaken bebatèn oetawi pepadjengan.

Oepami 1 pekenan padjeng 1 oet. 2 pengaos f 5,- poenika wragad lan djadjanipoen taksih kedah ngelong saking pawitan, djalaran padjeng semanten poenika batinipoen kirang langkoeng namoeng f 0,50. Bisipoen kémawon mlampah mantoek Grabag — Pingit f 0,40. Kartjisipoen wonten peken? Jèn kados makaten teroes poenapa soedagar waoe boten badé djatoeh? Manawi telas tedanipoen poenapa boten sadé daganganipoen kanti mirah - mirahan? Njengkakaken ambroekipoen!

Mila sampoen maiben jèn wonten bakoel sindjang pandjenengan toembasi nganggé jatra ringgitan kémawon boten saged noesoeki!

Gendis pasir roemijin regi f 10 oetawi langkoeng 1 datjin, samangké namoeng regi f 5. Toewan pabrik éman ngedalaken jatra kanggé mbajar para mandor. Kala woelan Juni koela mireng mandor Kedjawèn (bawah Poendong) blandjanipoen ingkang 1 woelan f 18 doemoegi f 20, badé kalintoe gendis. Jèn kelampahan mekaten saèstoe poenapa mandor waoe kapoerih ngoentoeti gendis? Kasadé?

Sampoen katah ingkang sadé kados-poendi padjengipoen? Katando? mBéndjing jèn malah mlorot? Kalijan malih selak kateda.

Toewan pabrik anggènipoen gadah réka makaten margi: panjadénipoen gendis rekaos, mirah. Jatranipoen bara - bara kanggé mbajar koeli padintenan.

Tinimbang ngèndeli mandor-mandor (boten kétang kabajar gendis), aloewoeng kalestantoenaken.

Jèn mekaten kawontenaning dagang, poenapa boten mesakaken jèn Negari nijat ngindakaken paosing para soedagar lan dagang?

Manawi margi paos para dagang sami djatoeh ladjeng dos - poendi tjalon kawontenaning pradja? Nijatipoen pados indaking jatra djeboel ingkang katarik sami ambroek wasana boten saged pasok paos. Poenapa malah boten kodjoer? Mangka para dagang anggènipoen oeroen jatra woedjoed paos dateng negari inggih boten sakedik.

Dagang poenika mila pantjèn preloe toemraping pradja, oegi toemraping ra'jat. Negari ingkang boten gadah para soedagar inggih boten soegih. Mangga mriksani kradjan Djepang, Duitschland, Inggris! Malah wonten negari ingkang gesangipoen prasasat saking dagang kadosta: Belgie. Mila menawi dagang bobrok kok badé dipoentépangi poenika poenapa boten mesakaken? Haraa?

S. S. dh.

VAN LITH-STICHTING

SINTEN
Ingkang dèrèng
dados warga
V. L. S.
énggal koela atoeri
LOEMEBET.

Bestuur V. L. S.
PASTORIE
MOENTILAN N. I. S.

ONDERWIJS.

A. van DIJCK.

Ing wekdal samangké oemoemipoen pamoelangan Djawi — sek. doesoen, angka II, standaardschool, — waosanipoen djawi pangkat I mawi serat *„Woelang Matja" karanganipoen p. t. A. v. Dijck kalijan R. Wignjadisastra.*

Koela boten badé ngrembag serat waoe, djer para maos ingkang golongan goeroe sampoen sami paham menggah kados-poendi kawontenanipoen serat WOELANG MATJA waoe. Rèhné sampoen 3 taoen mlampah poenika, manawi kainspectie temtoe badan koela tampi panatjat, ingkang margi saking woelangan maos ingkang kesangeten, mila sanget prihatos, kados-poendi ichtijar koela malih, sagedipoen moelangaken WOELANG MATJA, *A. v. Dijck I, II, III, IV,* saged katam kawoelangaken ing 1 taoen wonten ing pangkat I. Déné ingkang dados panglipoer koela, sareng njoeloeh-njoeloeh dateng pamoelangan sanès, setali tiga oewang, sami déné boten saged nelasaken, ladjeng saged ledjar. Keleresan sanget dèrèng wonten 2 woelan koela tampi boekoe saking Chef koela: PENGADJAR *soerat boelanan tentang pendidikan dan pengadjaran — Berisi Pengadjaran membatja, karangan p. t.* A. VAN DIJCK, *ph. Inspecteur Inl. Onderwijs 5e ressort, Semarang. Nadruk verboden. Saweg soemerep titelipoen* PENGADJAR, koela saged ladjeng mestani, bilih boekoe waoe serat woelanan ingkang katoentoen sad. SOEPARDI. Mila saèstoe, djeboel PENGADJAR no. 6 Februari 1930 taoen II.

Sareng koela bikaki lan koela waos, isinipoen gandem, sadjakipoen dados djalaran ingkang saged mbirat karibedan koela moelang maos Djawi wonten klas I. Sinten kémawon ingkang boten badé bingah, déné copie waoe midjil saking astanipoen p. t. A. van Dijck, toer kawewahan katerangan malih saking Redactie. Anggèn koela maos Pengadjar waoe boten kados déné maos koran oetawi roman, mila dasar koela sinaoe saèstoe. Namoeng nalika koela badé njinaoe waoe koela rapali roemijin *„nijat ingsoen njinaoe boekoe iki, akoe ora mawang sapa sing noelis* MAAR *apa sing ditoelis."*

Mitoeroet redactie Pengadjar, oegi pinanggih artikel ing *„Persatoean Goeroe" no. 19—20. bab uitgewerkt leerplan moengel:*

„Hoeroef Djawa itoe sesoenggoehnja haroes selesai diadjarkan pada kl. I, tetapi kalau melihat boekoe A. v. Dijck I t/m IV tentoelah tiada tamat, itoe apakah sebabnja? Apa djamnja pengadjaran jang koerang, atau isinja boekoe jang terlaloe banjak? Boten mijambaki noen!!! Sebabnja?

Karena goeroe - goeroe beloem mendapat handleiding atau petoendjoek bagaimana djalan memakai kitab: *Woelang Matja djilid I sampai IV itoe.*

Mangga para kantja goeroe, moempoeng wonten handleiding-ipoen énggal karsaa moendoet.*) Tinimbang kerep dipoen..... Ing katja 108 bab 11. Mengadjarkan 12 hoeroef legena [illegible] kedah saged ing dalem 1 woelan. *(Selambat - lambatnja dalam 1 boelan).* Soemerep poenika wonten koela namoeng waaaah! Sawoelan wonten 4 minggoe kedah 12 aksara. Dados 1 minggoe apesipoen angsal 3 aksara. Manawi mitoeroet handleiding waoe kok sakétja sanget. Sampoen kapétang mawi menitan poenapa. Tjobi poenika polanipoen mérang wekdal, saben moelang aksara énggal.

1. ngginem gambar ing blabag 3 menit.
2. nggatosaken oengeling aksara énggal 5 menit.
3. pados temboeng-temboeng ingkang wonten aksaranipoen énggal kados ingkang mentas katerangaken 6 menit.
4. nggatosaken wangoening aksara lan nanding wangoening aksara énggal kalijan wangoening aksara ingkang mentas dipoenwoelangaken 4 menit.
5. ngoelinakaken (oefening) pinten-pinten menit.

PÈNGET! SAMPOEN DAWOEH NOEROEN, inggih wonten ing blabag, inggih wonten ing sabak. Saweg ngontjèki 12 aksara 1 woelan kémawon, sampoen roemaos mak waaah! *Pemanggih koela kok malah ladjeng sakétja woelanganipoen embah roemijn:* [illegible] enz. ladjeng [illegible] sapitoeroetipoen.

Mangga para prijantoen handleiding waoe sami kasinaoea ingkang saèstoe. Manawi wegah njinaoe pijambakan prajogi sinaoe sesarengan. Toemindakipoen kados-poendi sinaoe sesarengan? Sarana vergadering P. G. H. B. speciaal bab roentoetipoen handleiding waoe.

Wah manawi dawah ing sekolahan ingkang persénanipoen 15 minggah 25 poenika poenapa saged noetoeti kalijan ingkang persénanipoen 1% doemoegi 5%. Dèrèng njoemerepi kawontenanipoen laré klas I, ingkang peng-penganipoen: tojan ngenggèn, klintoe gripinipoen kémawon nangis, anoe — anoe nangis. Saja manawi soemerep beleid para inspecteerende ambtenaar poenika, sakoela namoeng wegah ningali. Tijang kados-poendi? Laré klas I sampoen kawoelang patèn: saged njerat: [illegible] Sareng rawoeh dawoeh njerat: [illegible] topi, gori, mori, enz. la, laré ladjeng panjeratipoen kados-poendi: [illegible] enz. Inggih wonten ingkang leres. Jèn dawah makaten poenika loerah ziener kantoen ngendika: „Kados-poendi dik poenika? Mangka goeroe nalika moelangaken inggih dipoenréntjangi bekenengan saèstoe. Mila boten maiben, manawi wonten sadèrèk ingkang mastani bilih pendamelan goeroe moeroegaken tering.

M. WARDAJA.

*) Wonten oegi handleiding „Pratikelé Moelang" — karanganipoen rama L. v. Rijckevorsel ingkang oegi ngewrat pratikelipoen moelang kl. I (blz. 9 — 17). *Red.*

OPVOEDING.

PANGLIMBANG.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 29.

Doegi lan prajogi.

Ngertos doegi lan prajogi poenika nélakaken migoenakaken boedinipoen wening. Ngoedja hawa, oetawi boten nganggé pamestian ing sabarang pratingkah, poenika sampoen temtoe badé kedrawasan. Ingkang dados panoentoen, pangemonging moerid, wadjib moelat ing bab prakawis poenika, awit katah laré ingkang kirang ing pamatawis ing bab prakawis warni-warni. Sanadyan sekoel poenika moepangati kanggénipoen badan, éwasamanten manawi kirang doegi lan prajogi; neda ngantos langkah ing taker, tamtoe sakit wetengipoen. Ngelak poenika sagedipoen itjal kedah dipoenombèni, ananging tijang ngombé boten kénging ngantos keladoek. Ingkang ngendemi poenika boten namoeng inoeman keras kémawon, sadaja tetedan manawi keladoek panedanipoen inggih ngendemi. Tijang neda poenika moerih gesang, boten kosokwangsoel, tijang gesang anggènipoen gesang namoeng badé neda, poenika kewalik.

Saoepami goeroe boten ngenggèni doegi lan prajogi, poenapa saged tijang sami négakaken anakipoen, dipoenpasrahaken soepados katoentoen, soepados dipoenwoelang, dipoenwarah prakawis ingkang prajogi. Poenapa saged nagari masrahaken kawoelanipoen, soepados ing akiripoen sami dados tijang ingkang ngéstokaken anggering pamaréntah; sami gesang tentrem, njikiri sadaja lampah ingkang moerang ing leres, nerak angger.

Bingah-bingah, ningali ingkang adi aèng, poenika boten wonten awonipoen, oeger boten nilar pamatawis. Maos koran-koran, boekoe-boekoe ingkang ngewrat pitedah poenika saé kémawon, sok oegi boten kekatahen, ngantos ngètèraken pandamelan ingkang kedah dipoen-garap. Sanadjan boekoe ingkang kawaos poenika ngewrat piwoelang saé, ananging manawi pamaosipoen anoedjoni moelang, inggih boten saé, awit poenika boten mapan. Oeger boten ngawonaken koewadjiban tijang maos poenika boten wonten awonipoen. Pangatosatos sarta nindakaken pamatawis poenika andjalari gesang seneng lan tentrem, gesang barès, boten kinggilen, manah soemèlèh boten ngangsa-angsa. Doegi-doegi poenika midjèni gadah panganggep dateng sanès, boten gampil ngepak oetawi njepèlèkaken kantja², oetawi ngemoengaken padamelanipoen sesami. Ngenggèni doegi² poenika boten kereng keras tanpa tepa-tepa, malah-malah welasan. Kekerasanipoen peper déning watakipoen ingkang mengkoe, roemengkoeh. Tijang gadah doegi² poenika sadoe sarèh, éwasamanten boten kénging kawastanan lembèk, kaadilanipoen rinangkepan ing katresnan wasananipoen welasan, ageng pangapoentenipoen. Pandjaginipoen dateng moerid roemengkoeh kados bapa, asih tresna kados déné bijoeng.

Pamikiran poenika boten saged kapoerih mlampah kémawon, kala-kala kedah dipoenasokaken, soepados wening kraos seger. Mila sakolah poenika nganggé ngaso poenapa, awit laré - laré mila ambetahaken. Sepoer ingkang pirantosipoen prasasat awoedjoed tosan sadaja, manawi mentas djalan tebih, kèndelipoen noenten kapriksa, poenapa wonten ingkang betah ngaso wonten ing papan reparatie poenapa boten. Ingkang otot tosan baloeng tosan kémawon kala - kala kedah ngaso, poenapa manoengsa boten ambetahaken kèndel? Ngaso mila preloe. Ananging poenika kedah dipoenwatesi. Manawi ngasonipoen ngantos kedangon, kèndelipoen kekatahen, langkoeng saking betahipoen, kénging kawastanan kesèd, seneng nganggoer ing mangka nganggoer poenika katah sandoenganipoen. Para maos tamtoe sampoen sami priksa paribasan nganggoer poenika dados bantaling sétan.

Badé kasambet.

JEN NIJAT, MESTI SAGED!

mBantoea serat kabar kita

„SWARA TAMA"

djer poenika wontenipoen saking golongan kita, saking kringet kita, gadahan kita, oegi kanggé golongan kita

KATHOLIEK INDONESIËRS.

MOELATA LAN KAGALIHA!

„SWARA TAMA"

INDONESISCHE KATHOLIEKEN TOONT DOOR DADEN.

JEN NIJAT, MESTI SAGED!

Ambantoe serat kabar kita

„SWARA TAMA"

nama ndjoendjoeng dradjading bangsa

KATHOLIEK INDONESIËRS.

SERAT KINTOENAN.

Sadjawining tanggelan Redactie.*)

KALOENG PENGILON.

Pilih mbajar arta f 2,50 djrèng, poenapa tampi tjap ndjèmbèl??

Hèh, hèèèh, hèh, kapoerih milih salah satoenggal! Pilih ingkang poendi? Poenapa pilih mbajar arta f 2,50 djrèng? (gèk arta sadaja?) Poenapa pilih tampi tjap ndjèmbèl? Poenapa ta, tegesipoen ndjèmbèl? Rak ndjemblèk ta! Sinten ingkang kersa dipoenwastani ndjemblèk? Hèèh, hèèh, hèèh, kok delap-delap temen gesang; tijang ndjemblèk kémawon badé kanggé abahan poenapa, tiwas namoeng dados rereged leleteging donja kémawon, setoen-setoen bonékah kénging kanggé ngeneng-enengi laré. Mangka toemoedjoe dateng sinten ta, temboeng ndjèmbèl poenika? Dateng golongan kita bangsa Katholiek? Rak inggih boten poeroen ta? Oepamia koela ingkang kaetjap ndjèmblèk oet. ndjèmbèl poenika, mangka koela narimah, sanadjan boten mawi wonten tanda-tandanipoen, para kadang Katholiek sanès, oegi pandjenengan para maos sadaja, rak inggih boten rila ta! (roemijin wonten kantja goeroe poeroen nampi blandja boten samestinipoen, inggih ladjeng katjaboet saking golonganipoen, pakempalanipoen kaoem goeroe, awit manawi boten tampi gadjih samestinipoen, badé anggèndèng kaoem goeroe sanèsipoen oegi badé boten wonten adjinipoen).

Ènget lo! ènget! wonten ing oréanipoen sad. Patjar Mérah Sw.Tm. no. 29 nembé ipénipoen nak ndèrèk kémawon boten rila manawi golongan kita dipoenawon-awon golongan sanès, poenapa golongan kita ingkang sampoen nggemolong dados satoenggal badé rena, kanti penggalih ichlas, manawi golongan kita dipoenwastani ndjemblèk, oet. ndjèmbèl? Sampoen èh, sampoen ngantos tampi tjap ndjèmbèl?! Nglelingsemi! Rak inggih makaten ta, para maos? (Inggih, letterz.)

Mila kersanipoen sampoen ngantos tampi tjap ingkang ndjedjenesi ndjèmbèl prajoginipoen para lengganan Sw. Tm. s.k. kita pijambak kersaa paring sokongan (oeroenan) f 2,50 (zegge doea $^{50}/_{100}$ roepiah), perloenipoen s.k. kita waoe sageda medal padintenan, djer poenapa boten lingsem dateng golongan sanès ingkang sami maos noot-ipoen rama Redacteur ingkang kapatjak wonten ing artikelipoen sad. B. A. T. M. Soedarma lan sadèrèk Paredèn Toetiboedhiati Sw. Tm. no. 29 lan 30, ingkang moengel:

„Sampoen kerep sanget Sw. Tm. ngewrat pengadjak mekaten poenika: nanging awis ingkang dipoentetangi manahipoen. Sebabipoen poenapa? Bosenan? Émanéman? O, tanda dèrèng . . . . . Red." lan „Dèrèng dangoe poenika kémawon inggih katah ingkang voorstel, soepados kakerepana wedalipoen, ananging namoeng kèndel ing voorstel? Red.

Wonten ing s.k. kita.

Kok mertandani sanget ringkihing golonganipoen para Katholiek Indonesiërs, déné tjita-tjitanipoen (idam-idamanipoen) namoeng kèndel sarembag kémawon? Kok moeng semono kaprawirané?

O, kok memelas temen?

Mangka golongan bangsa Katholiek Indonesiërs rak boten ringkih ta? Manawi boten ringkih katingalna koentjaranipoen, kaprawiranipoen, sampoen oegat-oeget, sampoen grimang-grimieng, sampoen gremat-gremet, djer taksih katah sanget ingkang kedah dipoenlampahi, boten namoeng satoenggal kémawon. Manawi namoeng klelar-kleler kémawon, béndjing poenapa sagedipoen sadaja kadoemoegèn? Sampoen damel koetjeming golongan? Ènget lo, ènget!

Wedaling Sw.Tm. s.k. kita dados padintenan kita goemolong, badé saged bingah-bingah, keplok-keplok, soerak-soerak, awit nganggé lan migoenakaken kekijatan kita pijambak kita saged mimpangaken padamelan ingkang awrat lan angèl (een moeilijkheid overwinnen), saged ndjoendjoeng dradjad kita.

Mila mangga samia kersa énggal-énggal njekapi abonnementsgeld ingkang dèrèng kabajar lan maringana oeroenan dateng adeging s.k. kita padintenan.

Postwissel formelier ingkang dipoenlampiraken ing Sw.Tm. no. 32 poenika énggal kakintoena wangsoel dateng Administratie Sw. Tm. mawi kaèmbèl-èmbèlana arta f 2,50 (soekoer kersa langkoeng, djer kabetahanipoen pantjèn katah), soepados énggal sageda kadoemoegèn idam-idaman kita (dados boten tinggal tetep voorstel hawa rembag sadja!)

Ing ngriki ènget lo, para sadèrèk oeroenanipoen poenika boten peksan lo! mangké ladjeng wonten ingkang mastani peksan; blaaas, boten babar pisan, (iedereen is vrij) manawi wonten kersanipoen boten kersa ngoeroeni inggih kéngang-kénging kémawon (ta' berhalangan) manasoeka kémawon, manawi ichlas plas — kados lampahing kilat, tatit — inggih paling sedikit f 2,50 poenika, manawi boten, inggih boten babar pisan kémawon (perloe apa sokong Boeng?), nanging mesti boten badé lepat tampi tjap ndjèmbèl, djalaran ing nginggil sampoen wonten oengel-oengelanipoen:

„Pilih mbajar arta f 2,50 djrèng, poenapa tampi tjap ndjèmbèl?"

Mila kedah dipoenpersoedia kanti sanget, (10 taoen f 2,50 poenika sawoelan rak boten ngantos sebènggol oetawi teloeng doewit?). sageda mbajar djrèng (à contant).

Manawi para sadèrèk lengganan namoeng ngedjibaken *) dateng lengganan sanès kémawon (dados djib-djiban; kéné ngedjibaké kana, kana ngedjibaké kéné) boten woeroeng badé inggih namoeng tetep, panggah kémawon idam-idaman kita badé taksih tinggal voorstel diseboel angin sadja alias ketepoeoeoes, ingkang oegi ladjeng badé tampi medali kaloeng pengilon saking

Sadèrèk èstri paredèn *Toetiboedhiati*,

ingkang tansah bengak-bengok: „Behartigt 't algemeen belang!"

*) Penjakit keras.

NOOT. Mirsanana Advertentie-nipoen, lan kersaa menggalih mawi penggalih ening lan djedjeg, djer manawi karaosaken saèstoe, pantjèn ngéngingi raos! ook redelijk!

Toetiboedhiati.

NJEMPAL BAOE.

(Sajembara).

Gegajoetan kalijan ébahing djaman, koela koemawani matjak tjangkriman wonten ing kalangan Sw. Tm. ngriki. Batanganipoen kedah dipoenèmbèl-èmbèli leloetjoen; jèn ingkang leres pambatangipoen langkoeng saking satoenggal, badé dipoenoendi, djer tanda mata ingkang badé dipoentjoengoelaken awoedjoed boekoe Journalistiek lan stenografie (basa Mladjeng) ingkang boten kénging kapetal kadadosaken kalih.

Badéjanipoen tjangkriman kedah sampoen wonten panggénanipoen Rama Redacteur paling telaat (kasèpkasèpipoen) tanggal 25 Augustus poenika. Tanggal 29 panggeboegipoen. Ingkang tampi tanda mata badé dipoenemot wonten ing Sw. Tm. oegi. Ing ngandap poenika lo, tjangkrimanipoen:

1. Mata apa sing mbloloki?
2. Djam apa sing ngéndahaké badané kang nganggo?
3. Mata apakah berarti kampioen?
4. Matja apaning Sw. Tm. marakaké mboengahaké pikir?
5. Matja apaning Sw. Tm. marakaké boenek, djoedeging pikir?

Poenika lo, pandjenengan pikir, manawi boten pandjenengan pikir saètoe, éé è stoe boten saged pandjenengan.

Mangga para sadèrèk, kadang² koela pandjenengan ngoelir boedi, katogna, sampoen mawi moendoer!

Déné ingkang kakéngingaken mbatang tjangkriman kaseboet ing nginggil para sadèrèk:

Lengganan Sw. Tm.
(ingkang noenggak pambajaripoen boten pikantoek).
Lengganan Advertentie Sw. Tm.
Lengganan énggal ingkang sampoen mbajar arta lengganan.
Pembantoe isining s.k. Sw. Tm.
Moegi² sageda énggal kabatang.

Sajembara saking sad. èstri Paredèn *Toetiboedhiati.*

TANGGAP SABDA!!

P.G.H.B. afd. Banjoemas awatak bapa . . . . . poenika sampoen samestinipoen!! Nanging kedah ingkang . . . . . ngadil!!

Rèhning ingkang njerat artikel ing Sw. Tm. No. 23 tg. 6 Juni '30 bab: „P. N. S. in actie," poenika koela, mila ingriki koela kepeksa damel orék-orékan malih gegajoetan kalijan poetoesan pepanggihanipoen sad.² saking N. S. lan K. S. ingkang dipoenadani déning P. G. H. B. tjabang Banjoemas kala 24 Juni '30 (kamot ing Sw.T. No. 28 tg. 11 Juli).

Sadèrèngipoen perloe koela ngalem dateng actie oetawi tradjangipoen P. G. H. B. tjap Banjoemas waoe, ingkang sampoen ngakeni pijambak jèn **„awatak bapa"**! Pantes dadosa tetoeladan!!!

Anggènipoen P. G. H. B. tjabang Banjoemas ngawontenaken pepanggihan perloe ngitjali raos-roemaos ingkang kelintoe, poenika mila perloe sanget, i.p. tjotjog kalijan nootipoen Redactie.

Wondéné oekara koela ingkang di bohongkan waoe, perloe koela terangaken ingriki, bilih poenika koela namoeng saloegoe „merslag." Dados boten kok koela sengadja damel klintoe seling serep! Nanging saking panimbang koela oekara poenika boten bohong, djer njata bilih leider kala roemijin saking K.S, . . . sareng gantosipoen saking . . . . N.S. Rak njata ta poenika? Déné toemrap pasemon saking S.O. waoe, koela boten mangertos, djer ingkang ngawaki sadèrèk Soera pijambak!

Sapoenika bab poenika sampoen tjekap samanten kémawon, djer kita P.N.S. ers mila boten gadah pandakwa **babar pisan,** bilih lelampahan waoe saking pokalipoen satoenggiling K. B. er; babar pisan boten!! Anggènipoen wonten sadèrèk N. S. er ngantos kawedal ginemipoen **kados oekara ingkang dibohongkan waoe**, dados tjeta saking raos-roemaos, oetawi **mestiné ngono-** ajaké!! Dados boten kok ndakwa!!!

Samangké bab ingkang njata ingkang badé koela atoeraken! Jèn mila P.G.H.B. tjab. Banjoemas waoe awatak bapa sajektos, mesti ladjeng madosi djalaran² ing lelampahan waoe!!

Bab ingkang njata inggih poenika sad. Soera, soewaoe leider, ladjeng kalorod dados hulpleider! Poenika ingkang dados oenderaning rembag ing kalangan P. N. S. tjab. ngrikoe (Banjoemas); mila ladjeng ngwontenaken pepanggihan ing Poerwokerto!! Lelampahan poenika sanget njolok mata kanggé golongan kita N. S. ers! Mila dipoenpadosi poendi sebab-sebabipoen.

Poenika ingkang langkoeng preloe dipoentindaken déning P. G. H. B. awatak bapa!! Margi lelampahan poenika dèrèng genah bongkot poetjoekipoen (sabab²), sanadjana sampoen dipoenwontenaken pepanggihan kados makaten, koela kinten taksih wonten golongan (ingkang kataman lelampahan waoe) ingkang dèrèng marem, djer dèrèng katjepeng poenapa ingkang dipoenkadjengaken!

Woesana masa bodo.

POEN AMRIH RAHAJOE

!?!

P. S. Djawaban poenika saweg saged koela kintoen sapoenika (dados kasèp), margi tansah aral!

!?!

*) Soepados boten noewoehaken seling serep, koela terangaken bilih karangan poenika saking satoenggiling Abn. Sw. T. ingkang nedya ngadjengaken Sw. T. Dados boten boeah tangan saking kantja Redactie oetawi Adm. RED.

OERAP-SARI

(PETIKAN SERAT-SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATHOLIEK.

R. M. Soenoe ing Nederland.

Serat-serat kabar njarijosaken, sad. *R. M. Soenoe*, Soekadari, lan Tjan Djoe Kiam, katarimah candidaatexamen Indisch recht wonten Leiden.

R. M. Soenoe, poenika ingkang raji P. Djajasepoetra ingkang tjalon angedjawi poenika. Ngatoeraken kasoegengan.

Kg. Biskop A. van Velsen.

Woelan poenika, Kangdjeng Biskop tedak ing Ngajogjakarta, maringaken Sakramèn Kasantosan.

Tanggal 15 Agoestoes, maringi Sakramèn Kasantosan wonten kita Ngajogja (Grédja St. Joesoep); tanggal 17: Sedajoe; tanggal 19: Morangan; tanggal 21: Gandjoeran; 23: Somahitan; tanggal 24: kita Ngajogja (ing Grédja S. Fr. X.); tanggal 26: Ngidjon; tanggal 28: Kalasan.

Rawoehipoen Pastoer Djawi kekalih.

Rawoehipoen P. Soekiman toewin Djajasepoetra wonten Tandjoeng Prijoek, kinten-kinten tanggal 23 Agoestoes. Rawoehipoen wonten Ngajogja bokmanawi kémawon tanggal 26 Agoestoes sonten.

Pahargjan saking Komité Ngajogjakarta, kadawahaken wonten tanggal 27 sonten, sarta gandèng kalijan pranatan salebeting Jezuïet, pahargjan waoe tjajon *tjlimèn*, boten saged mawi atoer-atoer pakempalan Katholieksadjawining Ngajogjakarta.

Grédja Agoeng ing Kongo.

Ing Leopoldstad, (Kongo bawah Bèlgi), badé dipoendegi katedral énggal, pandjangipoen 80 M, wijaripoen 40 M, tjekap tijang 7000.

Katakomben énggal.

Nalika tijang damel margi satjelakipoen via Tiburtina, wonten satjaketipoen pakoeboeran Compo Verano, manggih margi-margi katah wonten salebeting siti. Sasampoenipoen katitipriksa-saèstoe, tetijang saged sami amastani margi-margi waoe: katakomben. Ingkang katah margi poenika waoe wijaripoen 70 — 90 c.M., inggilipoen 4,90 M.

Katakomben poenika waoe, pandamelipoen kala tengah-tengahanipoen abad kaping tiga.

Tetijang saged manggih: lontjèng tembaga alit-alit, gelang, retja alit-alit, sesoepé, lss.

Retja dalem, ing Desio.

Retja dalem, I. S. K. S. R. Pius XI, jasanipoen tetijang ing Desio (tanah Itali), kala 29 Juni binarkahan Kg. Maha Biskop ing Milaan, Kardinal Schuster.

Setatsijoen radijo ing Vaticaan.

Setatsijoen radijo ing Vaticaan kawartosaken béndjing Oktober saged kaanggé, sarta saged njebar pawartos kapireng ing saindenging djagad.

Ingkang tjalon ambarkahi ngarsa dalem pijambak.

KABAR OEMOEM

INDONESIA

SAKING NGAJOGJAKARTA.

Konggrès T. S. Malem Kemis 6-7 Agoestoes, konggrès kanggé njoewindoni Taman Siswa, dipoenwiwiti manggèn ing dalemipoen Ki Hadjar Déwantoro, kadatengan Adviseur Inlandsche Zaken t. van der Plas, Inspèktoer Bos, Mr. Singgih, lss., wakil-wakiling pakempalan pinten-pinten, kalebet oegi wakil H. B. P. P. K. D., K. W., toewin W. K. afd. Mataram; goenggoeng kempal boten kirang saking 500 tijang.

Ki Adjar Déwantoro, atas namaning Komité, medar sabda: 1. Ngatoeraken pambagja wiloedjeng. 2. Ngandaraken bilih T. S. anggènipoen propaganda, sarana *njamboet damel*, boten sarana omong. 3. T. S. sampoen gadah tjabang 52. 4. Sedyaning konggrès poenika, badé ngawontenaken pranatan ingkang sami (organisatie), sageda kanggé toentoenan panindaking T. S. ing sa Indonesia. 5. Ki Hadjar Déwantoro lega lila angoetjoelaken toentoenaning T. S. dateng para néneman.

Sadèrèk Pronowidagdo, pangarsaning kongrès, anerangaken bilih adegipoen T.S. kabekta saking sabab kalih warni: a). Tetijang ngriki sami ngelak onderwijs, nanging sakolahan saking Nagari boten njekapi. b). Gandèngipoen kalijan raos kabangsan, sakolahan ingkang sapoenika sampoen wonten boten maremaken.

Tjaraning panjamboet damel, T.S. migoenakaken tjara: njamboet damel pijambak.

Sasampoenipoen poenika, para ingkang andatengi konggrès, dipoensoegata dolanan Djawi warni-warni, sinarengan gangsa, tonil alit-alitan lampahan katresnaning bijoeng (jèn ing Kitab Soetji sami kalijan Kawitjaksananipoen Praboe Soeléman kala ngadili bijoeng kalih sami reboetan anak), beksa klana, lss.: *sadaja* waoe, ingkang nindakaken *laré alit*, sarta katingal saé boten ngoetjiwani. Wonten sawatawis ingkang klèntoe, malah damel sarining konggrès!

Oetoes-oetoesaning pakempalan katah ingkang medar sabda mahjakaken seneng lan oermatipoen dateng T. S.: Mr. Singgih (wakil H. B. B. O.), Rm. Jama wakil P. G. H. B. Mataram, s. Soegija wakil K. W. Mataram, oetoesan-oetoesan T. S. Medan, Jacatra, lss.

* * *

50 taoenan dalem Sri Maha Radja Poetri.

Wiwahan 50 taoenan dalem Sri M. R. Poetri Wilhèlmina, toemrap Ngajogjakarta doemawah tanggal 1 lan 2 September. Tanggal 2 waoe, sadaja sakolahan Ngajogja, liboer. Tjalon wonten arak-arakan pit, andong, grobag, montor, pit montor, sami pinadjang-padjang, sarta ginantoengan pris. Soedijan wragad langkoeng saking f 2675.

Iksamenan ing Nederland.

Sad. Soekadari, Rm. Soenoe, lan Tjan Djoen Khiam, poetoes iksamenipoen candidaat Indisch recht wonten Leiden.

S. K. Lie, S. J. Tjoa, lan W. F. Waweroentoe, katarimah candidaatsexamen babagan kawroeh kadokteran wonten Utrecht.

Katarimah iksamenipoen Accuntanij Nederlansche Handelshoogeschool ing Rotterdam, sad. M. Aboetari toewin t. Teng Sioe Tjhan.

Loh Hwa.

Loh Hwa, pakempalan bal-balan kampijoen ing Tiongkok, mentas dateng wonten ing tn. Djawi, sarta main wonten Betawi, Bandoeng, Semarang, Soerabaja. Pikantoekipoen arta éwon. Kala wonten Soerabaja, saweg kalih dinten kémawon angsal ± f 27000.

Kominis ketjepeng.

Mentas wonten tijang kominis tiga, katjepeng, dipoenbekta baita Plancius saking Singapoer, i. p. Djamaloedin, Mohamad Ali, lan Kadji Mahmoed. Tiga-tiganipoen sampoen dangoe dipoenpadosi poelisi (gandèng kalijan ontran-ontran kala Nov. '26 en Januari '27.)

Arta kertas ingkang karisak.

Salebetipoen woelan Juli, arta kertas ingkang karisak wonten Alg. Rekenkamer:

damelan Nederland 680.000 lembar à f 2.50, lan 1.600.000 lembar à f 1.

Damelan Amerika, kertas njaringgitan 60.000 lembar, lan njaroepijahan 100.000 lembar.

Panggaotan njerat ing Lasem.

Ing Lasem, katah soedagar anoetoep pakarjan ambatik. Tetijang Djawi ladjeng katah ingkang boten pikantoek panggaotan.

Roemijin tijang sadé seratan ing ngrikoe saged pikantoek bati 30 — 40%. Sapoenika pados oentoeng 10% kémawon ngrekaos. Anggènipoen makaten waoe margi djor-djoran katah sanget. Ing tanah Djawi tengah kémawon boten kirang saking 20 enggèn ingkang ngedalaken seratan. Kadjawi poenika toekang niroe, inggih katah. *(Djawa Tengah).*

Boten angsal dados warga Gemeente Raad.

Gemeente Raad Soekaboemi boten ngadjengi sadèrèk Soekardi, sawoengipoen Pasoendan, dados warga Gemeente Raad. margi boten saged tjara Walandi, Mangka boten wonten artikel ingkang nentjang warga gemeente raad kedah omong mawi basa Walandi. Ing Raad Kawoela kémawon inggih wonten warga ingkang omong mawi basa Mlajoe. Pakempalan Pasoendan protest.

Sembrananipoen tijang sepoeh.

Ing Manondjaja wonten laré oemoer sataoen, dipoenpoerih dolanan pijambak wonten sentong, dipoenineb, tijang sepoehipoen njamboet damel. Poen laré dolanan toetoep wonten ranténipoen. Tetijang mireng laré ndjerit, boten dipoenraos, roemaosipoen mesti boten poenapa-poenapa tijang wonten nglebet kamar. Boten let dangoe, laré dipoentoewèni pinanggih sampoen pedjah. Sareng dipoentingali: tjangkem klebetan ranté, gorokan klebetan toetoep waoe. *(Java Bode).*

Darah Dipanagaran.

Mitoeroet A. I. D., gandèng kalijan panjoewoenipoen R. M. Daoed Dipanagara, lss ing Ambon, Paréntah sampoen marengaken toeroen-toeroenipoen P. Dipanagara kaparengaken dateng poendi-poendi ingkang dados karsanipoen.

Kabesmèn ageng ing Lombok.

Ing Kembang Kenang, Lombok Wétan, mentas wonten kabesmèn ageng, anelasaken grija 158 woewoeng toewin loemboeng 90, kapitoenèn sadaja kinten-kinten wonten f 22.000.

Pamedal S. S.

Pamedal S. S. salebetipoen woelan Djoeli wonten 5 mlijoen 617 èwoe 644 roepijah: manawi katanding kalijan Juli taoen kapengker, *soeda* 2 mlijoen 376 èwoe, 26 roepijah.

Wiwit Djanoewari doemoegi Djoeli taoen poenika, pamedalipoen S. S. *soeda* 8 mlijoen 163 èwoe 411 roepijah tinimbang kala Djanoewari — Djoeli taoen 1929.

Tilgram wonten salebeting tresepoer.

Wiwit 1 September, kanggé tjobèn-tjobèn, S. S. ngawontenaken pranatan tijang-tijang ingkang noempak sepoer saged kintoen tilgram saking sepoer ngrikoe, mawi watesan katah-katahipoen woloeng temboeng. Wragadipoen f 1,45 (satemboeng 15 sèn, wewah vastrecht f 0,25). Tilgram-tilgram waoe boten kénging mawi tetenger ingkang ngindakaken waragad, kadosta D (Dringend), lss.

Adviseur Adatzaken.

Warga Raad Kawoela t. Soangkanon, mrajogèkaken soepados wonten ambtenaar bangsa Indonesia, mendet saking para winasis bangsa Tapanoeli. kanggé pambantoenipoen Resident, kapoerih ngawat-awati pakarjaning gemeente (gemeentewezen) ing Tapanoeli.

Ambtenaar poenika waoe soepados pinaringan seseboetan Ambtenaar voor Adatzaken, sarta kedah mandirèng, benoemanipoen Ingkang Witjaksana pijambak, dados boten kabawah pangageng ing Tapanoeli.

Pantalonan mawi koeploek.

Pantalonan mawi koeploek, poenika wekdal samangké kaanggep tetijang ngriki, dados patjakanipoen bangsa Indonesia.

Nembé poenika, ing peken malem Semarang (lan oegi kala wonten bal-balan Loh Hwa) wonten lalampahan tijang ingkang manganggé pantalon mawi koeploek, dipoenpoerih toembas kartjis kados kartjisipoen bangsa koelit petak. Prakawis poenika, dipoenrembag dr. Marzoeki Mahdi wonten Gemeente Raad. margi wonten pandakwa pranatan waoe atas pakènipoen Gemeente. Nanging, pikantoek wangsoelan saking pangarsaning gemeente raad, bilih pangrèh gemeente boten naté ngedalaken pranatan makaten waoe. (*Nan Sing*).

Arbeidsinpectie toemandang.

Ambtenaar Arbeidsinpectie mentas anggropjok grijanipoen tetijang Tionghoa ing Lasem ingkang sami ngwontenaken panggaotan ambabar. Panggropjokipoen ing wantji daloe antawisipoen djam 11 — 12. Anggènipoen anggropjok waoe badé njoemerepi poenapa tetijang Tionghoa waoe sami anindakaken pameksa soepados koeli-koelinipoen njamboet damel ing wantji daloe. Katah tijang ingkang nglemboer ingkang sami kabekta dateng poelisèn.

Neroesaken sakolah.

R. Ng. Prajitna, wedalan Mulo Semarang poetra boepati Pati, manoet tjarijosipoen *Bahagia* sampoen pangkat dateng Nederland noempak baita Sibajak, perloe neroesaken sinaoenipoen wonten H. B. S. ing Leiden, saking ngrikoe ladjeng badé anggajoeh seseboetan insinjoer.

Kamadjenganipoen Celebes.

Ing taoen 1904, Celebes gadah sakolahan Walandi kalih, lan sakolahan angka kalih 16, moeridipoen 1500.

Ing salebetipoen taoen '28, wonten sakolahan Mulo 1, (mrd. 145), sakolahan andap 4 (mrd. 757). H.I.S. 11 (mrd. 1583), H.C.S. 3 (mrd. 534) Standaardschool 53 (mrd. 6747), sakolahan doesoen 553 (mrd. 29630). Ing Makasar oegi gadah Opleidingschool voor Inl. ambtenaren).

Plaboehan Makasar katingal madjeng. Prabéjaning barang-barang ingkang kakintoenaken saking palaboehan ngrikoe kala taoen 1913 pikantoek f 18.635.000, déné prabéja mlebet wonten f 14.157.000. Taoen '27 uitvoer wonten f 34.171.000, invoer wonten f 24.364.000 —

Barang-barang wedalan Celebes ngkang kakintoenaken kadosta: djagoeng, kopi, kopra, pendjalin, lss.

Doemoegi taoen 1928, Celebes gadah kaboedidajan 31, djembaripoen 10.607, H. A. ingkang kataneman wonten 4,510 H. A. (*Swara Publiek*).

Stovia.

Sad. Soekirdjan (Koedoes) katarimah iksamenipoen dokter bagéjan kapisan.

Dateng Boven Digoel.

Sad. Amat Salèh alijas Moekajat, Soedarman alijas Moelja, Kasmiran alijas Daroem, Sarimin alijas Kajat, sami kaboetjal dateng Digoel.

Kawangsoelaken dateng Tiongkok.

Manoet tjarijosipoen *Deli Crt.* ing Deli mentas wonten bangsa Tionghoa boten gadah pandamelan, 148, kawangsoelaken dateng Tiongkok mawi baita „Cremer." Anggènipoen kawangsoelaken, margi kamanah moetawatosi: saged oegi margi boten gadah pandamelan waoe, anggènipoen pados teda ladjeng sarana lampah boten saé.

Pangiridan.

Gandèng kalijan boten padjengipoen areng séla wonten ing Bangkok, Saigon, Singgapoer, Penang, Haiphong, Saigon, Hongkong, Kanton, lss....., maskapé areng séla Oost-Borneo My, badé ngwontenaken pangiridan, amotjoti koeli-koeli bangsa Djawi katah sanget, poenapadéné poenggawa-poenggawa.

Katjarijos maskapé areng séla gadahanipoen bangsa Djepang inggih sampoen anindakaken pangiridan, ingkang ladjeng dipoenenoet Oost-Borneo My, waoe. *(Srbj. Hdb.)*

Prakawis siti.

Warga Raad Kawoela t. Kan, neda soepados ing salebeting komisi kanggé angrembag wewenang siti ing tanah ngriki, dipoenwontenana warga golongan bangsa Tionghoa. Anggènipoen makaten poenika, margi angèngeti golongan Tionghoa wonten éwon, oep. ing Tangerang, ingkang njepeng patjoel.

Exorbitante rechten.

Wakil Paréntah babagan Oemoem, Ir. Kiewiet de Jonge mratélakaken bilih wewenangipoen G. G. amboetjal tijang poenika boten kaseboetaken wonten Staatsregeling, nanging wonten bijbladen. Mila, samangsa sampoen nampi oesoel-oesoel saking Raad Kawoela, Paréntah sagah manggalih angéwahi.

Ékonominipoen Indonesia.

Wakil Paréntah babagan Arta, t. van den Busschen, wonten Raad Kawoela mratélakaken bilih Paréntah njaroedjoeki pamanggih-pamanggih ingkang mrajogèkaken soepados Paréntah tansah ngirid-irid anggènipoen ngedalaken arta. Dipoenterangaken: ngirid wedaling arta kanggé Departement Marine lan Oorlog ingkang langkoeng irid tinimbang sapoenika, boten saged.

Postzegel damelan Indonesia pijambak.

A. I. D. martosaken, Postdienst boten gadah kawratan manawi pandamelipoen postzegels (prangko) wonten ngriki. Postwaarden-Commissie saweg njinaoe prakawis poenika.

Prof. Mr. A.H.M.J. van Kan.

Delèr prof. Mr. A. H. M. J. van Kan, kaangkat dados warga koemisi ingkang tinanggenah njepeng toentoenaning dedapoekanipoen tjatetan boekoe-boekoe kawroeh (kataloges) ingkang sampoen wonten ing tanah Djawi ngriki, kadjawi kawroeh ngèlmoe alam.

Ahli hoekoem dipoenwewahi.

Bat. Nieuwsblad njarijosaken, salebetipoen Agoestoes poenika Indonesia badé kadatengan tijang ahli hoekoem 20 saking Nederland. Tetijang poenika badé sinaoe prakawis Indische Recht wonten R. H. S. dangoenipoen sataoen. Manawi sampoen ladjeng praktik.

Anakipoen tijang soegih ingkang sakolah.

Publicatie H. I. O. C. no. 4, wonten ingkang anjateti anak-anakipoen tijang soegih bangsa Indonesia, ingkang sami sakolah wonten H.I.S. Kanggé tanah Djawi; wonten moerid H.I.S, 3, ingkang tijang sepoehipoen setaoen gadah pamedal f 17.000; wonmoerid setoenggal, ingkang tijang sepoehipoen sataoen gadah blandja oet. kaoentoengan f 43.000; lan wonten moerid satoenggal malih ingkang tijang sepoehipoen ing setaoen gadah kasil f 30.000.

Kanggé wekdal sapoenika, tijang Indonesiër ingkang bajaripoen katah pijambak, namoeng delèr R. A. A. Djajadiningrat lan P. Koesoema Joeda: f 2400 sawoelan.

Déné para boepati, kedjawi Semarang, Soerabaja, lan Betawi, blandjanipoen f 1350 sawoelan.

Angka-angka ing nginggil poenika toemrap laré H. I. S. tanah Djawi.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

PRAKAWIS PINDAH-PINDAHAN ING DJAGAD GOEROE.

MOTTO. Het grootste euvel, waardoor de post reiskosten noodeloos wordt vergroot, is het *enorm aantal overplaatsingen.*

(.....) Het belang van den dienst is vaak tegenstrijdig met de overplaatsing: *te veel wordt met persoonlijke wenschen rekening gehouden.*

(Rede t. Nessel wonten Volksraad 17 Juli).

Warga Raad Kawoela *t. Nessel*, kalanipoen angrembag wedaling arta Nagari babagan ragad kekésahan kanggé para ambtenaar, tjarijos makaten:

„Piawon ageng ingkang angindak-indaki wedaling arta kékésahan ingkang tanpa perloe, poenika *katahipoen pindah-pindahan.* („Het groote euvel, waardoor de post reiskosten noodeloos wordt vergroot, is het enorm aantal overplaatsingen."

Prakawis poenika pantjèn inggih njata! Pandjenengan njatakaken wonten serat-serat kabar. Mèh saben dinten wonten pawartos *mutatiën* kokoloman. Gèk arta pinten kémawon ingkang kawedalaken Paréntah kanggé perloe poenika? Arta voorschot; declaratie! Mangka gèk pindahipoen tebih pisan, toer bajaripoen ageng!

Prakawis pindah-pindahan poenika waoe, wonten kalangan onder wijs inggih ageng. Toewan Nessel njarijosaken, wonten sakolahan ingkang ing dalem *sataoen* goeroenipoen *gantos sadaja.*

Toewan waoe, mratélakaken prakawis katahing pindahan poenika, kedjawi ngindakaken wedaling arta Nagari, betahing pangkat (het belang van den dienst) pantjèn inggih boten aneda wontenipoen pindah-pindahan semanten katahipoen. Saladjengipoen nerangaken: „Het belang van den dienst is vaak tegenstrijdig met de overplaatsingen; *te veel wordt met persoonlijke wenschen gehouden.* (... Boetoehing pangkat (boetoehing dines) kerep baé soelaja karo pindahé; enggoné (Paréntah) ngèlingi panjoewoené wong kanggo boetoehé awaké déwé kokéhan!

Atoeripoen t. Nessel poenika angèngeti kawontenanipoen prijantoen ingkang kapapanaken wonten tanah Sabrang. Sadèrèngipoen sampoen mireng: kawontenan ing ngrika awon, sasaminipoen. Mila dateng dok, ladjeng manah neda pindah.

Terkadang, sampoen dipoendjandjèni: wonten Sabrang namoeng setaoen, oetawi kalih taoen. Manawi sampoen sataoen, tijangipoen sampoen wiwit radi kraos (krasan), ... Nagari ladjeng netepi djandji, tijang kapindah del.

Goeroe *kekerepen* pindah, pantjèn boten saé. Sakolahanipoen *risak!* Pantjènipoen, saja dangoe kedah saja atoel dateng kawontenan ngrikoe, inggih sanadjan kawontenan waoe boten patos saé. Saja dangoe pasrawoenganipoen kalijan tijang ngrikoe saja koelina; pamitranipoen saja kandel. Toemoesipoen: andajani *adjenging* sakolahan.

Goeroe kekerepen dipoenpindah, kadjawi ngrisakaken sakolahanipoen, lan *ngatah-ngatahi wedaling artanipoen Nagari, kantong*-ipoen *poen goeroe pijambak* inggih *bobol.* Ngantos prakawis pindah poenika waoe, wonten ingkang ngibarataken: *kobongan tanpa geni.*

Sampoen mesti kémawon, ingkang makaten waoe boten namoeng toemrap golongan goeroe; golongan prijantoen sanès inggih sami kémawon.

Mila, koela matoek dateng karsanipoen Paréntah: njoeda pindah-pindahan. Nagari boten badé marengaken panjoewoenan pindah ingkang awawaton kabetahan *partikelir*; kadjawi manawi pantjèn kabekta saking *kasarasaning badan.*

Éwadéné, djembar-djembaring djagad mesti wonten ingkang boten matoek kalijan karsa njoeda pindahan poenika waoe.

Ing *Nieuw Soerbj. Crt.*, naté wonten swanten: manawi karsa waoe saèstoe katindakaken, mesti noewoehaken tindak boten adil warniwarni; damel *tjilaka*nipoen goeroegoeroe ing tanah Sabrang, boten gadah pangadjeng-adjeng wangsoel dateng tanah Djawi. enz.

Prakawis poenika boten koela pabeni. Patjar Mérah angoegemi ginemipoen: „Paréntah kedah anggèmèni wedaling artanipoen toemrap prakawis ingkang mila matoek jèn dipoen-gèmèni, sampoen ngantos kawoela alit saja pringisan, margi kaindakaken paosipoen." Sigeg, ...

* * *

Sadèrèk!

Koemaraning bezuiniging boten namoeng angèbeki djagad pakarjan Nagari. Djagad *partikelir* inggih toemoet kraos, kadosta panggaotan tèh, kopi, karèt, tosan, areng séla, enz. . . . Mila, pangadjeng-adjeng koela karangan poenika sageda kapanggalih oegi „Canisius Stichting."

Kadjawi makaten, temboengipoen t. Nessel: „Te veel wordt met persoonlijke wenschen rekening gehouden" waoe inggih sageda ginedongan „Canisius Stichting."

Kumuningsaselé 8 Agoestoes '30.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang **moerah**

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja SWARA TAMA, dengan bawa lembaran Swara Tama **dapat POTONGAN.**

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP
R. I. W.
} RIJWIELEN

Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

Boeat toean poenja

ERCEE

Recept²

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

TOKO BARANG-BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja permintaan die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.
Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.
PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélanipoen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij: „WIRJOSOESENO" Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto	**10**	**5**	**2½**	**1**	**½ kilo;**
sablèg regi	**10,50**	**5,50**	**3,-**	**1,30**	**0,75;**

TJÈT GILAP model B. kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING

Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30-6-8.	Pekalongan [8])	6.30-8.	Kepandjèn	6-7-9.
Amboina	7.30.	Lawang [5])	7.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6-7.30-9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6-7.30.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6-7-8.30.
Bandoeng	6-7.30-9.	Magelang	7 9.	Poerworedjo	7-8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Benkoelen	7.30-9.	Makassar	6-7.30.	Pontianak	7-8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Blitar	7.30.	Malang	6-7.15-8.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Buitenzorg	6-8.	Manado	6-7.30.	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30-8-8.30 (tjina).	Sambas	6-8.30.	Tegal	6.30-8.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambong	8.	Tering	7.
Djokja:		Medari [6])	7.30.	Sawah Loento	7-8.30.	Tjilatjap [8])	7.30.
Kampementstraat Eur.	7-9.	Meester Corn.	7-9.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6-8.
„ Jav.	6-8.	Mendoet	6-7.30.	Sedjiram	5.45-8.30.	Tomohon	7-8-9.
Kota Baroe	6-7.30.	Modjokerto	6-8.	Semarang:		Wates [7])	7.
Djombang [1])	7.30.	Moentilan	5-6-8.	Gedangan	6-8.	Weltevreden:	
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Bangkong	6.30-830.	Waterlooplein	5.45-7-9.
Gandjoeran [2])	7.	Ngawi [7])	7.30.	Tjandi	7.30.	Kramat	6-8-9 (mal.).
Gombong [3])	7.30.	Padang	7-8.15-9 (tjina).	Randoesari	7-9.	Wonosobo [8])	7.30.
Keboemèn [4])	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Singkawang	6.30-9.	Woloan	8.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Soekaboemi	6-7.30.		
Klatèn	7.30.	Palembang	7-9.	Heuvel	5.30.		
Koeta Radja	6.30-8.	Pasoeroean [1])	7.30.	Soerabaja:			

[1]) 1e. Achad. [2]) 1e. + 3e. Achad. [3]) 2e. Achad. [4]) 1e. Achad tiap² doea boelan. [5]) 1e., 2e., 4e. Achad. [6]) 2e., 4e. Achad. [7]) 3e. Achad. [8]) 3e. Achad.

Déné ing tanah *Sabrang*, wonten laré H.I.S., 3 anakipoen tijang gadah pamedal f 17.000 sataoen: 1: — f 18.000; 2: — f 19.000; 2: — f 25.000; 2: — f 35.000. Kadjawi poenika wonten moerid H. I. S. kalih, ingkang tijang sepoehipoen gadah pamedal *samlijoen* sataoen.

Sapoenika toemrap laré H. C. S. ingkang anakipoen tijang soegih.

Ing H. C. S. tanah Djawi wonten moerid 3 anakipoen tijang gadah pamedal f 19.000 sataoen; 2: — f 20.000; 2: — f 40.000; 1: — f 45.000; 2: f 150.000.

Ingkang mlebet ing A. M. S. wonten satoenggal anakipoen tijang gadah pamedal f 500.000 sataoen; ing H. B. S. wonten 3: — f 1000.000 sataoen. (Moerid sakawan ing A. M. S. lan H. B. S. poenika waoe boten kapratélakaken anakipoen sinten, toewin bangsa poenapa).

Déné H. C. S. ing tanah Sabrang, wonten 1, anakipoen tijang gadah pamedal f 17.000 sataoen; 1: — f 18.000; 1: — f 20,000; 5: — f 25.000; 1: — f 35000; 3: — f 40.000.

Moerid anakipoen bangsa Tionghoa lan Éropah ingkang sataoen gadah pamedal samlijoen boten wonten.

Pikantoek bintang Sijem.

R. A. A. Tjakraningrat, boepati Bangkalan Medoera, pikantoek bintang „ordeteeken van ridder in de orde van de Witte Olifant."

Rechtshoogeschool.

Nonah Tien Nio Yap, katarimah iksamenipoen R. H. S. pérangan kaping kalih.

Pangiridan S. S.

S.S. saweg amanah ngirangi poenggawa ing centraal comptabiliteitsbureau-Insepèksi ingkang sapoenika doemoenoeng wonten Betawi, Tjirebon, Bandoeng, Poerwokerto, Madioen, Soerabaja, lan Djember, inggih badé dipoenkirangi. Insepèksi ing Tjirebon boten sandé mesti kadadosaken satoenggal kalijan Poerwokerto. Fiateeringskantoren ingkang sapoenika wonten 28, badé karingkes kadadosaken pitoe. Oegi badé dipoenmanah damel prasadjaning sadaja prakawis administratie ing Hoofdbureau Bandoeng, mawi dadapoekaning poenggawa kala taoen 1917. *(Java Bode).*

N. V. Indonesia.

Warga Raad Kawoela t. Laoh, wonten parepatan 29 Juli, damel pipindan kawontenaning gesang sasarengan ing Indonesia. Prakawis poenika dipoensamèkaken kalijan *Naamlooze Vennootschaap Indonesia, ingkang dipoenadegaken sarengsareng* déning bangsa Indonesia, Walandi, toewin tetijang Asija ingkang dedoenoeng wonten ngriki. Kapitalipoen: 62 mlijoen, ingkang 6 mlijoen roepijah (ingkang dipoenkadjengaken: djiwa tijang), kapital Walandi; ingkang 1 mlijoen, kapital Aijsa; ingkang 53 mlijoen roepijah kapital Indonesia.

Kados ingkang kalimrah, ing salebetipoen N. V. poenika tijang ingkang artanipoen katah pijambak dèrèng mesti kapilih dados *Direktoer;* ingkang kapilih, limrahipoen malah ingkang kaanggep pinter.

Nederland langkoeng pinter, mila anjepeng pangkat *President-directeur.* Nanging pangkat *komisaris,* kedah dipoensoekakaken dateng Indonesia. Kanggé wiwitan, lan kanggé sawatawis wekdal, ingkang njepeng pangkat presidèn-direktoer waoe mèh kénging kapastèkaken: Walandi.

Dipoentjepeng wonten Mekah.

Tilgram „Aneta Nipa" saking Padang njarijosaken bilih manoet Sumatra Bode, Datoek Poetih tilas pangageng distrik ing Solok, kalijan koela warga, wonten Mekah atas dawoehipoen Soeltan Ibnoe Saoed, dipoentjepeng poelisi. Anggènipoen katjepeng waoe, margi Datoek Poetih poenika sakabatipoen Achmadijah. (Poenapa Soeltan Ibn. Saoed, boten seneng kalijan golongan Achmadijah?).

Verzekering kanggé tijang katjilakan.

Ing Volskraad mentas nedahaken rantjangan pranatan verzekering kanggé tetijang ingkang panjamboet damelipoen moetawatosi, kadosta: njamboet damel wonten èlèktris; barang-barang ingkang gampil moeroeb toewin ndjebloeg; gas-gas tjoewèr; pamelikan; lss., kalebet oegi koelikoeli ing poenale sanctie.

Sadaja kaoem madjikan prakawis poenika, kawadjibaken njoekani arta patiba tamba dateng tetijang ingkang kasangsaran margi panjamboet damelipoen; déné manawi ngantos pedjah kedah njoekani arta dateng warisipoen. Manawi dawahing kasangsaran waoe dipoensengadja pijambak, boten pikantoek arta. Manawi anggènipoen kasangsaran margi katjokan mendem, arta ingkang kedah kasoekakaken kaoengkret namoeng sapalih.

Ing rantjangan waoe boten ambédakaken panggaotan partikelir kalijan boten.

Ingkang kanamakaken poenggawa (koeli) poenika sadaja ingkang njamboet damel wonten ngrikoe, boten mawang djaler èstri, oemoer-oemoeran oet. koeli Magangan inggih toemoet klebet.

Arta patiba tamba poenika waoe, badé kabajar garantiefonds gadahanipoen nagari. Manawi rantjangan pranatan poenika sampoen toemindak 5 taoen, badé kamanah sapinten anggènipoen badé neda arta dateng para madjikan kanggé angoeroeni fonds poenika. Manawi wonten pasoelajan prakawis wedaling arta kanggé preloe kaseboet, badé kaoeroes ing controleerende ambtenaar; lan manawi perloe, kapasrahaken dateng pradata.

Pamedalipoen Nagari.

Pamedalipoen nagari ing salebetipoen 5 woelan (Jan. — Mei) ing taoen poenika, wonten f 234.809.252. Kala Jan. — Mei '29, wonten f 256.229.816. Dados *soeda* f 21,4 mlijoen.

Soedanipoen poenika waoe, manawi kaprintji-printji:

Paos ± soeda: f 8,5. mlijoen.
Monopolie ± soeda: f 0,9. mlijoen.
Woeloewedal (producten) ± soeda f 9, — mlijoen.
Panggaotan (bedrijven) ± soeda 3, — mlijoen.

Tipes ngamoek.

Ing Pandéan lan Pasoeketan (Tjiribon) katradjang sasakit tipes. Wonten laré langkoeng saking 6000 sami kasoentik.

Boepati dipoenoesir saking soos Walandi.

Sad. Soedarmo, wonten s. k. *Bahagia,* njarijosaken: bilih manoet *de Stuw* kala ing Soerabaja wonten konggrès decentralisatie, wonten Boepati mentas andatengi konggrès waoe ladjeng malebet kamar bolah Walandi; nanging ladjeng katoendoeng késah, margi *Inlander.*

WAWASAN BOEKOE.

De veelvuldige biecht zielewekker voor jong en oud door

A. F. JANSEN S. J.

Veelvuldig kadjengipoen kerep; veelvuldige biecht kadjengipoen kerep ngaken dosa. Veelvuldige Communie tegesipoen: sasaged-saged tijang kedah saben dinten tampi Sakramèn Maha-soetji. Poenapa veelvuldige biecht inggih makaten? Boten. Ngaken dosa saminggoe sapisan sampoen nama veelvuldige biecht. Poenika ingkang karembag ing boekoe kasbat nginggil. Oegi kanggé tijang ingkang sampoen ngetjakaken veelvuldige biecht boekoe poenika meksa takih katah paèdahipoen, awit saking saé lan mentesing isi. Manawi tijang sampoen maos boekoe poenika saha mangertos saèstoe, boten badé awang-awangen ngaken dosa saminggoe sapisan.

Boekoe waoe ngrembag oegi poenapa perloenipoen ngaken dosa kerep-kerep; ngaken dosa poenika barang gampil, ananging tijang asring damel ribeding badanipoen pijambak. Santolan warni-warni oegi kadjlèntrèhaken, oepami: akoe ora kober ngakoe dosa kerep-kerep; perloené apa ngakoe dosa kerep-kerep, wong kang takakokaké pada baé, lan sapanoenggilanipoen.

Soemangga dipoentjobi; temtoe boten getoen ta sampoen. Boekoe kandelipoen 63 katja, mangka regi namoeng f 0,15 (gangsal welas sèn); manawi moendoet 100 namoeng f 0,13; manawi 500 namoeng f 0,11 (sawelas sèn). Mangga para leideripoen para moeda; poenika wonten mirah-mirahan. toer saé saèstoe; saged moendoet **dateng Uitgever H. J. Dieben Wassenaar Holland.**

CORRESPONDENTIE:

Abn: no. 502 pandjenengan maringi f 4 poenika rak kanggé Sw. Tm. ta? Matoer noewoen.

Karangan sanèsipoen kapeksa kasrantosaken roemijin, sebab saking katahipoen copie.

A. Dj. Toeri sampoen kaéwahan.

Abn. 495: inggih; mila sampoen, namoeng samanten; — tjobi ichtijar sagedipoen wewah malih.

Pangadjak Administratie ing Sw. Tm. no. 31 wohipoen NIHIL.

SAKING PAKEMPALAN.

PAREPATAN COMMISSIE TATA-TJARA INGKANG SAPISAN ING SOERAKARTA.

Awit saking wontenipoen rembag badé pambangoenipoen TATA-TJARA, ingkang dipoenadani déning Centraal Commissie ing Moentilan, K. W. ing Soerakarta sampoen andapoek Commissie ingkang kapatah njinaoe bab TATA-TJARA waoe, sarta sampoen kalampahan papanggihan ingkang sapisan nalika dinten Ngahad kaping 3 Augustus poenika. Warganing commissie inggih poenika:

1. R. M. Ng. Hardjasasmita — Voorzitter.
2. J. B. B. Djajaoetama — Secretaris.
3. R. Atmapranatan — Penningmeester.
4. R. Soegita (goeroe agama) } Commissarissen.
5. Th. Martasoedirdja }

péngetaning papanggihanipoen commissie waoe kados ing ngandap poenika.

Voorzitter medar sabda: Saklangkoeng noewoen anggènipoen kapidji dados pangadjenging commissie. Nanging pamedar sabda roemaos kawekèn ing manah, kados poendi anggènipoen badé toemindak netepi wadjib njinaoe bab TATA-TJARA waoe. Leres pamedar sabda tijang ing Soerakarta asli, mangka ingkang badé dipoensinaoe inggih TATA-TJARA ingkang oemoem kanggé wonten ing Soerakarta, ing panginten mesti saged andajani, nanging sajektosipoen boten makaten, pamedar sabda ngroemaosi taksih tida-tida sanget dateng bab wontenipoen TATA-TJARA. Awit saking poenika pangadjeng-adjengipoen pamedar sabda, sagedipoen kasembadan ingkang kasedyakaken, boten lija moegi para commissie sami kapareng sasarengan njamboet damel kanti toeloesing penggalih, karsa saraséhan pamanggih sarta anggelaraken seserepan, ingkang gagajoetan kalajan wontenipoen TATA-TJARA, djer inggih amoeng sarana njamboet damel kados makaten poenika ingkang kénging kanggé oelar-oelar, saged andjalari gampil kasembadan poenapa ingkang kasedyakaken, wekasan saged damel palapoeran dateng K.W. soekoer bagé anotjogi, botenipoen amoeng sageda mirib kados ingkang dados pangadjeng-adjengipoen centraal-commissie. Parepatan ladjeng kabikak.

Sadèrèngipoen wiwit rerembagan, Voorzitter medar sabda, kirang langkoeng makaten: Para sadèrèk, ingkang badé dipoenrembag poenika bab wontenipoen TATA-TJARA. Ing mangké prajogi dipoensoemerepi roemijin poenapa ta ingkang dipoenwastani TATA-TJARA?

Kaoeningana, bilih boten kalèntoe pamanggih koela, TATA-TJARA makaten tjeta saking TATA lan TJARA, sakalih-kalihipoen poenika tegesipoen sami déné ADAT, amoeng wonten bédanipoen, inggih poenika: TJARA makaten ADAT ingkang teksih kasar, djalaran saking pandoeking kaboedajan ingkang oegi taksih kasar, Déné TATA poenika ADAT ingkang sampoen winangoen déning pangrèhing kaboedajan ingkang sampoen aloes, mila ladjeng wonten tetemboengan: DÉSA MAWA TJARA, NEGARA MAWA TATA. Makaten poenika pasaksènipoen tjeta kasoemerepan, saking TJARAnipoen tijang doesoen béda sanget jèn katimbang kalajan TJARAnipoen tijang Nagari (Pradja), déning TJARAnipoen tijang Nagari sampoen winangoen ing pamrajogi toewin katata ing kasoesilan, mila ladjeng boten nama TJARA, nanging nama TATA.

Wontenipoen TJARA toewin TATA ingkang kalantoer toemindak kanggé ing djaman samangké, poenika panginten koela doemadosipoen ing kina boten saking paksan, kadamel déning tijang satoenggal kalih, nanging doemados saking kadjengipoen pijambak, saking sakedik manoet paribawaning djaman, sarta mitoeroet dadasaring kaboedajanipoen tijang ing sadjaman-djamanipoen, tjondongipoen kalajan watek ing satoenggal-satoenggaling panggénan, katitik saking wontenipoen TJARA ingkang kalampah ing doesoen-doesoen, poenika ing satoenggal-satoenggaling talatah (tanah) boten mesti sami. Makaten oegi TATA, ingkang toemindak ing satoenggal-satoenggaling Nagari, inggih boten mesti sami kalajan TATA ing Nagari sanèsipoen.

Para sadèrèk, manawi boten kalèntoe seserepan koela, doemadosipoen TJARA toewin TATA, poenika nitik saking kawontenanipoen, tétéla bektan saking dadasaring kapitadosan, inggih poenika Agama, toewin lampahing kaboedajan. Awit saking poenika dados sampoen tétéla bilih kawontenanipoen TATA-TJARA, poenika goemantoeng wonten mingsad-mingseding kapitadosan, lan saking madjeng moendoering kaboedajan. Terangipoen: Sak oegi kapitadosan mingsed, kaboedajan éwah, kawontenanipoen TATA-TJARA inggih ladjeng mingsed, éwah oetawi terkadang santoen babar pisan.

Kados ingkang sampoen kalimrah, TATA-TJARAnipoen tijang gadah damel mantoe, poenika mitoeroet ing tjarijos, tjeta bilih toetoeroetan saking kapitadosan nalika tetijang Djawi taksih Agama Boedda, kadosta:

A. Temantèn mawi kembar majang toewin patah, poenika TJARAnipoen tijang Boeda ingkang manembah Agama WISNOE.
B. Tijang ingkang manembah Agama BRAHMA, warganing temantèn djaler èstri sami mataja (djodjogèdan), katelahanipoen doemoegi samangké kanggé pasamoewan tajoep.
C. TJARAnipoen tijang Agama BAJOE, temantèn èstri sami aririmong waring, ingkang samangké santoen warni sindoer, ingkang nganggé tijang sepoehipoen temantèn èstri.
D. TJARAnipoen tijang Agama SAMBO, temantèn èstri ngidak-idak bekakas among kisma, temantèn djaler ngidak-idak bekakas tenoenan.
E. TJARAnipoen Agama KALA, babadoedan.

Wekasan doemoegi ing djaman samangké, TJARA-TJARA sadaja waoe dipoenwor dados satoenggal, sarta sami dipoenanggé sadaja, dalah TJARA BABADOEDAN inggih meksa boten dipoentilar.

Nalika djamanipoen tijang Djawi kaboeddan taksih ngolah-ngalih panggénan, déning taksih katah peperangan, TJARAning panembahipoen tetijang ing djaman samanten, kados ingkang kaseboet A. B. C. D. lan E., tetijang waoe ing sagolonganipoen pijambak-pijambak sami damel wawangoenan grija alit saroepi djoli, ing lebet dipoenwonteni artja pepetaning Djawata ingkang dipoensembah pijambak-pijambak. Kalajan toemindaking TJARA ingkang kados makaten, tetijang waoe ladjeng boten pakèwed anggènipoen sami netepi panembahipoen dateng ingkang dipoenpoepoendi, déning grija wawangoenan doenoenging poepoendènipoen kénging dipoenbekta alijan sawantji-wantji kalajan gampil. Nanging ing alami-lami, sareng djaman sampoen tentrem, tetijang ing golongan waoe ladjeng sami jasa papan pamoedjan pijambak-pijambak, inggih poenika ingkang dipoenwastani PRASADDA (Tjandi). Poengkasanipoen TJARA ingkang makaten poenika bokmanawi doemoegi djaman Madjapait, djoemenengipoen Praboe BRAWIDJAJA ingkang wekasan. Woesana sareng tijang Djawi santoen kapitadosan, ngrasoek Agama Islam, saking pamiloetanipoen tetijang bangsa ARAB ingkang ambabara dateng tanah Djawi, kawontenanipoen TATA-TJARA inggih ladjeng éwah, ingkang katah ladjeng tjaroep wor oetawi karangkeprangkep kalajan TJARA ingkang gagajoetan kapitadosanipoen Agama Islam. Inggih boten kadosa anggènipoen ambendojod.

Doemoegi samanten kados sampoen tjekap anggèn koela (Voorzitter) anggelar pamanggih bab éwah-éwahing TATA-TJARA. Awit saking poenika, sareng samangké wonten ada-ada saking sadèrèk Katholiek, soemedya njoemerepi sawarnining TATA-TJARA ing satoenggal-toenggaling panggénan, sarta badé kabangoen ingkang saged salaras kalajan kapitadosan kita Katholiek, poenika koela saklangkoeng mangajoebagja. Amoeng koela ngèngetaken, sarèhning tétélanipoen kawontenaning TATA-TJARA Djawi poenika mèh sadaja toewoeh saking dadasaring manah ingkang taksih loemèngkèt dateng goegon-toehon, inggih poenika kados ingkang sampoen kawrat ing boekoe TATA-TJARA, karanganipoen Ki Padmasoesastra inggih Wirapoestakan. Mila panjinaoenipoen sarta badé pambangoenipoen, moegi ingkang salesih dipoensoemerepi, TATA-TJARA poendi ingkang boten tjengkah kalajan dadasaring kapitadosan kita Katholiek, (pamanggih koela pijambak mèh sadaja tjengkah). Bab poenika ingkang langkoeng tjeta saged paring wedaran, boten lija kadjawi sadèrèk Soemadisastran, Pangrèh P. K. W. ingkang wekdal poenika kapareng minisepoehi parepatanipoen Commissie, moegi kapareng paring soesoeloeh soepados Commissie boten tida-tida anggènipoen sami toemindak ing wadjib.

Sadèrèk Soemadisastran ladjeng anggelaraken sarta nerang-nerangaken bab sedya toewin toedjoewanipoen Centraal-Commissie ing Moentilan, ngantos para Commissie damang oetawi mangretos badé toemindakipoen ing wadjib.

Sasampoening karembag sawatawis gobjog, Voorzitter ngatoeri pamrajogi, moerih anggampilaken saged pikantoek lasing rembag, para Commissie kasoewoen sami damel tjatetan pijambak-pijambak ing sapikantoekipoen, mawi katerangna sabab-sababipoen kénging dipoenanggé oetawi boten toemrap kita Katholiek. Parepatanipoen malih kaangkah salebetipoen minggoe ingkang kaping III, para Commissie sampoena sami mirantos tjatetan waoe, déné dinten tamtoening parepatan malih badé dipoenatoeri priksa déning Secretaris.

Woesana parepatan katoetoep, kanti wiloedjeng.

PAREPATAN MARIA-MEDIATRIX AMBARAWA.

Pakempalan kasbat ngawontenaken parepatan warga nalika tg. 21 Juli 1930 ing Wignjaasmaran. Ingkang rawoeh 17, sanèsipoen alangan. Ingkang kapoetoes:

1e. badé njaosi geschenk dateng rama G.A.
2e. badé oeroen f 5 dateng Schakelschool Madijoen (jasan P. P. K. D.).
3e. njoewoenaken H. Mis lan njembahjangaken kanggé Fr. Tjiptakoesoema, ingkang badé tindak dateng nagari Welandi.
4e. njembahjangaken lan Communie kanggé Fr. Soemarna.
5e. Dana handwerkstukken dateng grédja ing Goentoer Geni.

P. S. Lantaran serat kabar Swara-Tama poenika Maria-Mediatrix ngatoeraken „soegeng tindak" dateng pandjenenganipoen Fr. Soemarna. Boten sanès kita namoeng badé djoemoeroeng ngrèntjangi sembahjang lan tampi Communie kanggé pandjenengan amrih widadaning tindak doemoegining koendoer.*)

PAREPATAN OEMOEM K. W. ING BLITAR.

Manggèn ing Internaat tg. 10-8-30 wiwit djam 9.15 — 12.45.

Ingkang rawoeh Rama Parampara, warga K. W. 13, tamoe 30, lan Rama Pastoor ing Blitar.

Agendanipoen.

I. Pamboeka: déning pangarsa kados adat saben.

II. Maos notulen:

Wonten pitakènan bab Schakelklas. Wangsoelanipoen boten èstoe madeg, awit boten dipoenroedjoeki déning bestuur Joh. Gabriël. Kedjawi poenika, ngabsahaken benoeman commissaris (djoeroe noepiksa) G. Moertinem, ingkang dèrèng kaabsahaken kala parepatan kapengker.

III. Pangroekti Laja: toedjoenipoen:

1. Ngoepakara lajoning warga, manoet tata-tjara Katholiek; langkoeng-langkoeng ngadjengaken pedjahipoen.
2. Ngetingalaken karoekoenanipoen para Katholiek, tetoeloeng baoe soekoe toewin arta dateng warga ingkang kasripahan.

Pakempalan teroes madeg. Pangarsa lan panitra toenggil kalijan K.W. hartaka pijambak. Ladjeng pilihan hartaka. Ingkang kapilih G. Moertinem. Déné prenatan (notulen) badé karembag béndjing jèn wonten parepatan Pangroekti Laja.

Warga kabédakaken dados 2. I Warga pokok. II Warga batih. Warga pokok wonten 12.

IV. Krida Witjara: (poenika nama voorloopig). Inggih poenika pakempalaning para moerid (laré ingkang dèrèng tjepeng damel). Toedjoenipoen:

1. ngGegoelang soepados para warga noelada toelada saé, sarta soeka toelada dateng para kantjanipoen.
2. Sinaoe mitjara (gineman manoet wewatoning basa ingkang leres kanti kendel).
3. Ngetingalaken karoekoenaning para warga.

Oesoel poenika dipoenroedjoeki déning K. W. lan para tjalon warga kasebat (Krida Witjara) mila ladjeng teroes madeg. Déné pilihan bestuur lan prenatan, badé karembag béndjing jèn parepatan Krida Witjara. Sarèhning poenika parepataning laré, mila dipoenwonteni Raadsman, ingkang kapilih sesepoehing Blitar: Heer C. J. Sindoeprawata.

V. Krida Arta (spaarclub). Toedjoenipoen:

1. ngGegoelang njèlèngi dateng para warga.
2. Mitoeloengi para warga ingkang betah arta samangsa-mangsa, sarana njamboeti.

Oesoel poenika katampi (dipoenroedjoeki) ladjeng madeg ing dinten poenika oegi.

*) Koela matoer noewoen sanget dateng soembangan pandjenengan sadaja. *Soemarna.*

Pangarsa Heer C.J. Sindoeprawata, Heer A.S. Martasoedarma hartaka, R.S. Rahadi panitra.

VI. Studiefonds ngabsahaken statuten. Toedjoenipoen:

1. Ngragadi anaking warga ingkang sekolah dateng ladjenganipoen H. I. S. lan angka II.
2. Mitoeloengi laré Katholiek oet. tjalon Katholiek ingkang pinter, nanging sèkèng, ingkang nglebeti pamoelangan kasebat.

Wonten satoenggiling laré H. I. S. ingkang sampoen keladjeng dipoenragadi, poenika kaladjengaken.

Tjatjahing warga lan Zelateur mindak. Hartaka lami ingkang sampoen ngasta 2 taoen Heer S. J. Harjana, masrahaken arta lan pedamelanipoen dateng hartaka énggal Heer C. J. Sindoeprawata kanti matoer noewoen.

VII. Pitakénan: Heer C. J. Sindoeprawata gadah oesoel, soepados K. W. ngwontenaken pakempalan ingkang ngrembag roewet-rentenging para warganipoen.

Oesoel katampi déning K. W.

Heer Hardjadalsa gadah paneda, soepados K. W. mitoeloengi ngoepadosaken dana kanggé Schakelschool ing Ngawi ingkang kekirangan arta kanggé mbajari goeroenipoen. Poenika prajogi soemangga dipoentoeloengi. Adrèsipoen dateng: R. K. Pastorie Madijoen.

Djam 12.45 parepatan katoetoep kados adat.

Verslaggever

POENAPA SAMPOEN DJAMANIPOEN?

Kala dinten Ngahad tg. 3-8-'30, kleres koela saking Salatiga medal Bawèn. Wonten Bawèn koela soemerep satoenggiling prijantoen Djawi sadjak Njalani: Noewoen, noewoen; wiwironipoen inggih mifiet, badé tindak dateng Poerwaredja; dipoenoentabaken prijantoen poetri 1 kakoeng 1. Tetijang ingkang wonten bis sadjakipoen sami tjingak sareng prijantoen kasebat (ingkang badé tindakan waoe) nitih bis, sadèrèngipoen bis pangkat, prijantoen waoe ngetjakaken tata tjara ingkang kados² bangsa kita Indonesia dèrèng (poenapa boten tegel nindakaken), mangka tik wonten mergi ageng tiningalan ingakatah. Kanggé sakoela boten saged nggagas kados-poendi kados-poendi; rèhning koela tijang redi, boten ngertos lèr kidoel, badé nggagas tik ngono, mangké gèk sampoen tjaranipoen. Mila sareng wonten bis koela dipoendjak raosan kalijan satoenggiling prijantoen Magelang, namoeng saged matoer, bokmanawi sapoenika sampoen djamanipoen (ning inggih alon-alon lo, tijangipoen wonten). Sanadjan sapoenikanipoen sampoen kénging dipoenwastani djaman kemadjengan, sasoemerep koela kados dèrèng wonten bangsa kita Djawi manawi badé tindakan mawi . . . . . ; kados tjaranipoen bangsa kilènan; namoeng koela inggih boten saged ngoegemi sanget-sanget, awit, inggih poenika waoe, sampoen koela atoeraken manawi koela poenika tijang redi boten soemerep lèr kidoel, namoeng koela borongaken para maos; koela badé njoewoen priksa doemateng para maos oetawi rama Red., *) poenapa inggih sampoen djamanipoen, dados béndjing saoepami koela kepranggoel lelampahan kados mekaten malih, ladjeng dipoendjak reraosan prijantoen sanès sageda soeka katingkas. Sampoen semanten kémawon; poenika kabar sekedik malih, namoeng mlèntjèng kalijan nginggil: kala dinten Ngahad tg. 3-8-'30 ndaloe (malem Senèn) ing Taloen (onder Doekoen) wonten Tjina badé kerengan, malah ingkang satoenggal sampoen ngoengelaken pistoel ambal ping 2 poenapa 4, boten patos terang; menggah prekawisipoen kabar namoeng (saking pandjenenganipoen ndara sitèn pijambak) djor-djoran (congkirèn) prakawis dagangan.

Ing pangangkah kados inggih sami wonten ing poendi-poendi; ingkang satoenggal (ingkang lami) ngarah soepados sanèsipoen waoe bangkroet; dados ing ngrikoe ladjeng saged ngidjèn. Satoenggalipoen rèhning énggal-énggalan, toer taksih alit, roemaos kawon, ngadjak accoord, manawi barang A kasadé f 0,15, sageda f 0,15 sadaja, namoeng ingkang lami boten tjara énggal njadé f 0,15, lami njadé f 0,14 of f 0,13, temtoenipoen panoembas inggih milih ingkang mirah; manawi klampahan makaten sateroesipoen panoembas oentoeng; poen tjina énggalan waoe temtoenipoen ladjeng boentoeng, dados tjina lami kadoemoegèn sedyanipoen. Poen panoembas seneng mirahipoen.

Namoeng kémawon, manawi klampahan ingkang énggal pedjah temtoenipoen ingkang lami badé mlangkringaken reregènipoen; awit ngraos boten wonten sanèsipoen, dados tijang toembas inggih ladjeng kapeksa noembas awis malih.

Sapoenikanipoen prakawis dèrèng rampoeng, taksih wonten ngastanipoen poelisi.

Kesoepèn sakedik. Pistoel waoe sanalika ladjeng kapoendoet kalijan bandara asistèn.

J. KOES.

*) Kanggé kita Indonésia, senadjan ing béndjing sampoen madjeng sanget, boten badé saged oemoem tjara ingkang pandjenengan kersakaken poenika. Red.

F 30.000 . . . SAKING MOSKOU???

Sampoen oemoem wonten ing serat-serat kabar, bilih ing Soerabaja wiwit sapoenika saweg dipoendamel satoenggiling gedong nasional, ingkang wragadipoen kabar badé nèlasaken arta f 250.000. Ingkang makaten poenika nandakaken jèn sifat Inlander poenika sarèhning inggih MANOESA, dados inggih nggadahi initiatief kados salimrahing manoesa, lan saged nedahaken katijasanipoen. Paribasanipoen Djawi sampoen wonten: *giri loesi djanma tan kena kinira* . . . . , dados toendonipoen asring *njolong petèk!!*

Satoenggiling bapa soemerep anakipoen saged jejasa poenapa-poenapa kanti opor-opor bèbèk, mesti ageng lan marem manahipoen! Boten nggadahi koewatos malih manawi anakipoen badé ndaloeja, mila inggih boten rangoe-rangoe malih, mewahi pawitan dateng anakipoen kanggé bawa pijambak, soeprih dados bebranahan!!

Lo, poenika sipating bapa dateng . . . . anak!

Nanging poenapa panganggepipoen kaoem madjikan dateng si „kebawah kaerèh" oegi kados déné bapa dateng anak?? Boten saged matoer getjosipoen! Jèn saged makaten, mila saé sanget!! Nanging nitik feit-feit ingkang kita alami saben dinten, zegge: plus minus tigang atoes taoen, walahoe'alam; kados-kados kok tebih sanget . . . . . Oepaminipoen: pamaréntah sampoen mangertos terang bilih economiening ra'jat dèrèng saé; poendaking ra'jat sampoen awrat sesanggènipoen . . . . , éwadéné badé dipoenwewahi tambahan paos . . . . Inggih sampoen dados nasibipoen kaoem terdjadjah. Saking poenapa? O, boten sanès dajaning: „koloniale politiek".

— o —

O, malah-malah — inggih tijang dasar si Inlander — tampi soedjana, lah malah kepara sajektos!! Boekti??? Soemangga kateroesaken roemijin!!

Kabar gotèking akatah, kanggé kaperloeanipoen gedong nasional, wonten satoenggiling tijang *ingkang namanipoen kanggé wados*, oeroen dana arta f 30.000 (zegge tigang dasa èwoe roepijah).

Arta f 30.000 sarta „tijang ingkang njoekani" rèhning kadamel wados, (manoet serie artikelipoen Dr. A. R. ing B. T. ingkang kapetik déning D. K. no. 172 tg. 31 Juli 30) waoe, déning kaoem koloniale politiek dipoensoedjanani. Boten mèmper jèn Inlander saged ngedalaken arta dana samanten . . . . Kabaripoen koloniale politiek badé ngoeroes saking poendi arta f 30.000 waoe; awit manawi saking satoenggiling Inlander mokal!*) Malah ingkang langkoeng njolok mata, arta waoe kakinten saking . . . . Moskou!?!

Hm, dados pandakwa ngrika dateng Inlander ngriki kakinten taksih sami gandéngan kalijan Moskou, alias Inlander dipoenkoewatosaken . . . . ngoeminist!!

Jèn boten saking Moskou, poenapa anggènipoen njolong saking Landskas?? Ta rak inggih kesangeten!!! Ladjeng ndakwa pandoeng dateng si Inlander. Kodjoer ané . . . !!

Manawi sampoen terang dédé arta pandoengan, koloniale politiek kedah ngréka daja soepados economie-ning si Inlander saja kedèjèk-dèjèk; saja rekaos dados boten saged anggoelawat, kantoen gereng-gereng, gampil dipoeneréh . . . Srananipoen?? Stop H. I. S.; Sadaja pamoelangan Inlander klas II kadadosna volksschool; Paos . . . . kaindakna!!! Passenstelsel (kamardikan toemrap kekésahan) katindakaken, (dados tijang kekésahan boten saged sakersa-kersanja), lan sanès-sanèsipoen . . . .

Mangga dipoenemataken rak manis sanget politiek-ipoen koloniaal poenika!! Poenapa ingkang makaten poenika boten ngobong manahipoen si Inlander, sarta ladjeng ngatahaken tjatjahipoen golongan NON???

Éwa déné makaten poenika inggih wonten saénipoen kanggé si Inlander; ingkang poenika minangka petjoet moerih si Inlander saja gijat nggregoet nggrengseng mangarah dateng kamardikan, sarta saja kandel pitadosipoen dateng diri sendiri. Dados kados déné dipoenraboeki, mesti saja ngremboejoeng.

Koela pitados bilih pamaréntah poenika inggih witjaksana; mila koela inggih pitados bilih pamaréntah boten badé goemampil nindakaken poenapa-poenapa ingkang boten ngadil kados tindesan ing-inggil poenika!!!

Poen mangoedi moelja.

!?!

KABAR WARNI-WARNI.

Saking Kedoengwoeni S. C. S.

Nalika tanggal 6 woelan poenika K. Toewan Assistent Resident Pemalang rawoeh ing Kawedanan Kedoengwoeni perloe ngrembag (nerang-nerangaken) volkstelling dateng kantja-kantja ing Kedoengwoeni. Nalika samanten ingkang ngadep: para A.W. ing district Kedoengwoeni (Bodjong, Wonopringgo lan Pagoemengan) pepak sadjoeroe serat, loerah, tjarik sarta para tjalon Periodeteller lan momentteller. Kedjawi poenika S. O. dalah Gd. sadistrict Kw. dados volksschool Kw. katoetoep. Kantja pamoelangan angka kalih ingkang koela soemerepi: Bodjong Mg. lan Gb. 1, Wonopringgo Mg. lan Gb. 1, Pagoemengan namoeng Mg., Kedoengwoeni Gb. 2 (Mg. boten) pamoelangan kl. 2 boten liboer. Ing Bodjong kl. V katoetoep klas sanèsipoen mlebet kaasta kantja Gb.

Djam 10,15 tapoek, djam 1,45 rampoeng kanti wiloedjeng.

Moegi-moegi volkstelling moerakabana dateng kawoela sapradjanipoen.

—

Mila ingkang ngatos-atos! Malem tanggal 7 woelan poenika Loerah

*) Panginten makaten poenika wonten èmperipoen. RED.

Kangge poenapa blanco postwissel?
mriksanana Swara-Tama katja 2
Sampoen damang?
Tjobi dipoenisèni:
ladjeng kakintoena
wangsoel!

NGOEPADOS
réntjang èstri (sokoer Katholiek), **tjekap ing oemoer,** mrantasi pendamelan ing pawon toewin kénging pinitados momong laré-laré.
Kanggé fam. J. C. O. Hadiwardaja
Pagilaran Pekalongan.
Blandja: f 5.— sawoelan. Neda toewin tilem nglebet. Katrangan dateng
ADMINISTRATIE Swara Tama.

Ketitang (Bodjong) njoemerepi hulpschrijver Baros (Batang) wonten ing grijanipoen tlèdèk.

Sarèhné naté nampi dawoeh bilih prijantoen waoe dados beboedjenganipoen negari, mila sanalika miterang ingkang A. W. déné h. s. waoe kapasrahaken dateng poenggawa doesoen 3.

Jektos h.s. taksih dados padosan, mila kadawoehan njepeng. Djeboel .... prijantoen waoe tindak kalijan sang wawaranggana, boten dipoengondèli. Mila sampoen lajak kémawon manawi ingkang djagi waoe tampi antjaman: kétjalan srémpang. Makaten pawartos ingkang koela pireng.

—

Paroendan (Gredoe-dam=tétékan) ing distrik Kedoengwoeni, dipoendandosi (dipoensantoeni), pajon sèng, pager gebjog, djrambah mestèr; saka gebjogipoen tjèt-tjètan. Ingkang sampoen rampoeng wah pèni jektos. Na makaten ngetingalaken kekijatan kita. Panjoewoen koela rimatanipoen kasentosanana pisan, sampoen ngantos: bisa jasa, ora bisa mijara. Kadjawi poenika, loeroeng-loeroeng ing pakampoengan doemoegi ing doesoen-doesoen ingkang tebih saking kita oegi sampoen wijar-wijar (ngalih mèter), kénging kaambah motor oetawi toempakan sanèsipoen.

Minggoe 10-8-1930 lajonipoen Sieng Song marasepoehipoen Dr. Ir. Tan Ho Tjong Volksraadslid, kakoeboer, ingkang ngiring katah sanget, (motor 200, bis 10). Makaten pawartos ingkang koela tampi.

D. S.

Tandingan bal-balan.

Kala tanggal 2-8-'30 djam satengah 6 ing aloen-aloen Moentilan sampoen ramé taroengipoen sadèrèk P. A. M. S. mengsah para tjalon Rama ing Seminarie Kotabaroe. Presasat sedaja moerid ing Pastoeran Mtl. sami ningali. Padoeka para Rama Pastoor inggih mriksani. Tijang ndjawi Pastoeran inggih katah ingkang ningali. Koela inggih ningali nanging dateng koela sampoen boten soemerep tapoekipoen. Kabaripoen ingkang dateng roemijin „Ngajodja kalebetan ping 2 angsal nglebetaken ping sepisan." Mainipoen saé sanget; saking kerepipoen mladjeng ngantos wonten ingkang kram kémpolipoen.

Tijang dawah.

(Tjara Grabag kegoeloeng).

Kala Setoe tg. 9-7-'30 kirang langkoeng djam 12 sijang, ing doesoen Poerwaganda bawah Kawedanan Grabag wonten tijang dawah saking wit arèn. Inggilipoen boten kirang saking 8 meter. Sanadjan sitinipoen boten atos, tijang waoe meksa inggih prewasa. Nitik ingkang kawon iganipoen, mestinipoen dawah miring. Tatoe ingkang ngedalaken rah boten wonten. Ing ngandapipoen wit arèn wonten dapoeranipoen deling, dados inggih wonten toenggak-toenggakipoen. Begdja déné boten dawah ing ngrikoe. Nalika poenika, tijang waoe boten saged tileman mloemah oetawi miring.

Rékanipoen tijang waoe badé damel dérésan. Ing wit wonten dangoenipoen 3. Wit waoe sampoen dipoensoekani anda awoedjoed deling 1 dipoenkowèk-kowèk minangka tataraning wit arèn. Tijang waoe saweg ngresiki doek-doek lan tirahan bongkoking papah arèn, djeboel papah waoe tjepolipoen ngatoetaken pijambakipoen. Tijang waoe namanipoen Kasan Moechiji. Anak sémahipoen pak Moechiji sami nangis pating glero, djalaran kèngetan ingkang sampoen.

Mandi sabdanipoen tijang sepoeh ingkang moengel: „Awan-awan adja memènèk, moendak tiba!"

GRÉDJA ÉNGGAL.

Para sadèrèk Katoelik Wlandi Djawi ing Poerwakerta sapoenika temtoenipoen sampoen marem, awit sampoen roemaos kadoemoegèn pepénginanipoen anggadahi Grédja pijampak. Nalika tg. 10 Augustus, dados dinten Ngahad kapengker poenika, Grédja énggal dipoenberkahi déning ngarsa dalem Kangdjeng Biskop ing Betawi Mgr. A. v. Velsen. Sasampoenipoen Grédja binerkahan, koerban Mis Soetji sapisanan ing Grédja ngrikoe wiwit kaoendjoekaken déning pandjenenganipoen rama pangèn ing Poerwakerta mawi pambantoe kalih.

Ing tengah-tengahipoen Koerban Mis ngarsa dalem K. Biskop paring piwoelang, ingkang maksoedipoen anenangi manahipoen sadèrèk Katoelik ing Poerwakerta saha sakiwa tengenipoen ngrikoe, soepados kerep sowan Grédja, ingkang sapoenika sampoen dados. Kados déné roemijin Goesti Allah lerep ing Padaleman soetji, jasanipoen sang Praboe Soeléman, makaten oegi sapoenika Goesti Allah inggih lerep ing Grédja ngrikoe, malah langkoeng wigatos katimbang roemijin, awit sapoenika Pandjenenganipoen anggènipoen lerep asesinglon warni Sakramèn Maha-soetji, ingkang dados poesering gesangipoen tijang Katoelik; pramila sasaged-saged tijang Katoelik kedah kerep sowan saha tampi Sakramèn Maha-soetji, minangka piwales doemateng Goesti, ingkang tresna sanget dateng koela sadaja.

Kinten-kinten djam 10 koerban Mis-soetji rampoeng; toemoenten receptie wonten ing pastoeran. Tamoe-tamoe katah sanget; p. t. residèn ing Banjoemas; p. t. assistent residèn ing Banjoemas; p. t. assistent residèn ing Poerwakerta; k. boepati ing Banjoemas; k. boepati ing Poerwakerta; prijantoen loehoer poenika waoe sadaja sagarwanipoen pisan. Déré tamoe sanès boten soesah koela atoeraken sinten; sampoen tjekap manawi koela matoer: ingkang rawoeh sadaja katah sanget, angebaki Grédja.

Ing ngriki koela boten badé njandra Grédjanipoen; bokmanawi béndjing manawi wonten wedalipoen; sapoenika koela namoeng badé ngedalaken mongkoking manah koela, déné sadèrèk ing Poerwakerta sami roekoen roedjoek saéka kapti, lelajanan njamboet damel sesarengan, Wlandi Djawi sami riboet toemandang ing damel. Saking pangadjengadjeng koela sageda makaten ing sateroesipoen soepados saged nenarik tijang Djawi, ingkang dèrèng ngertos dateng wontenipoen Agami kita. Moegi-moegi Grédja, ingkang nembé binerkahan poenika anjawabi tijang ing sakiwa tengenipoen ngrikoe, saha dados pangoengsèning sadèrèk koela Djawi Katoelik, ingkang sasoemerep koela radjin, sregep lan tawekel, langkoeng-langkoeng pasadja sanget ing sadajanipoen; pantes kanggé toelada.

Saking Moentilan.

Béndjing tg. 15-8-1930 kleres riaja dalem Dèwi Marijah kapoendoet dateng Swarga; ing Pastoeran Moentilan badé wonten processie (arakarakan Sakramèn Maha-soetji). Samangké para siswa ing P. A. M. S. lan N. S. saweg sami riboet damel pepadjangan kanggé ngrengga margimargi ingkang tjalon kaambah Sang Maha Sakramèn. Pamoedji koela moegi anggènipoen ngrengga margi lan altar pinarakan (rustaltaar) sampoen ngantos koetjiwa. Saking panginten koela ngengrenging padjangan tjalon langkoeng pilah katimbang kalijan kala poen panjerat taksih asring toemoet ngrengga. Soekoer jèn rerengganing arakarakan saged sairib rerenggan arakarakan ing kita Boxmeer kados ingkang kawrat ing Sw. Tm. minggoe wingi.

WAWASAN BOEKOE.

Saking toko boekoe J.B. Wolters, redactie tampi boekoe „Sari Swara" I, karanganipoen Ki Hadjar Déwantara, regi f 1,25 (samak tipis) oet. f 1,50 (samak kandel).

Boekoe poenika kanggé moelangaken sesekaran Djawi ing grija lan pamoelangan isi sekaran laré, sekar matjapat, sekar gending toewin lagon.

Sinten ingkang mangertos aosing piwoelang sekar kanggé nglebetaken wawarah toewin soeraos, mesti boten owel amboetjal arta sakedik kanggé toembas boekoe waoe.

Boekoe poenika mawi andjalèntrèhaken sakedik prakawis larasing gending (gamelan). Sekar-sekaripoen mawi kasoekanan titi laras (noot), nanging noot waoe awawaton swantening laras Djawi, (dados dédé do, ré, mi enz.).

Sekar-sekaripoen katah ingkang isi piwoelang warni-warni, kaprawiran, kasoesilan, pamilihing pradjoerit, tetanèn lss.

Perloe koela pèngeti ing ngriki, wonten prakawis ingkang boten matoek kasoekakaken dateng laré, i.p. temboeng gandroeng lan gandroeng asmara, ing katja 50. Rèhné semoenipoen ingkang kalebetaken ing sekar ngrikoe prakawis raos adi éndah, schoonheidsgevoel (panjandra), mila prajogi kapendetaken tjandra ingkang boten anggepok prakawis makaten. Kadjawi poenika, wonten temboeng sawatawis ingkang lepat pangetjapipoen, nanging para goeroe saged ngleresaken pijambak.

Dipoen-gelaraken: bilih kanggé mbangoen gesang énggal waoe, para néneman kedah boten nampik dajadaja saking ndjawi ingkang mlebet ing Indonesia; nanging daja waoe kedah kalaras kalijan kabetahan kita, sampoen ngantos nampik ngèlmoengèlmoe Éropah, awit kersanipoen Goesti Allah maringaken ngèlmoe waoe boten namoeng kanggé bangsa Éropah. Daja (pengaroeh) saking tijang sanès inggih mlebet mriki, sampoen mesti wonten ingkang saé lan ingkang awon, prakawis poenika para moeda kedah waskita ing pamilih, sageda milih ingkang pantjèn dados betahipoen Indonésia. Nanging kedah tansah kèngetan bilih kita gadah adab lan kaboedajan pijambak.

Dipoentjarijosaken wonten moerid T.S. ingkang kabangsanipoen roepak, njengiti bangsa sanès: Walandi, Tionghoa, sasaminipoen. Ingkang makaten waoe, boten saé babar pisan, djer sadaja-sadaja sami déné titahipoen Allah. Manawi wonten néneman ingkang kabangsanipoen makaten, Ki Hadjar boten seneng babar pisan, sarta tetep roepak kebangsanipoen. Nanging manawi dipoentabok bangsa sanès, inggih soepados sampoen ladjeng kèndel kémawon, awit manawi wonten djaman édan poenika tijang angagengaken andap asor, ngalahan, salaminipoen inggih tansah dados tabokan.

Para néneman soepados mendet paloepi kawontenaning gamelan, satoenggal lan satoenggalipoen gadah bebahan pijambak; mila sampoen gadah manah mèri. Manawi poen saron badé toemindak kados gendèr, mesti badé ambibrahaken gending, inggih gendinging ngagesang. Ing salebeting gamelan tijang kedah manoet diktatoripoen i. p. kendang, semanten oegi ing djagad pasrawoengan. Saladjengipoen, Ki Hadjar anerangaken (mawi kasekaraken) wiraos lebet ingkang kawrat ing serat „Sastra Gending" anggitan dalem Soeltan Agoeng.

KONGGRÈS P. B. M. T. S.

Kala malem Rebo 12/13 Augustus, P(erkoempoelan) B(ekas) M(oerid) T(aman) S(iswa) ing Ngajogjakarta ngawontenaken konggrès, dipoendatengi tijang ± 500, wakiling pakempalan 38, lan wakil-wakil serat kabar.

Pakempalan ing daloe poenika babar pisan boten kénging anggepok politiek.

Panitra nerangaken poetoesan P. B. M. T. S.: a. nangsoeli tilas moerid T. S.; b. ambijantoe T.S. (mawi arta lan tenaga); c. ngedegaken arbeidsbemiddeling; d. ngawontenaken ondersteuningsfonds kanggé laré T. S. ingkang badé neroesaken sekolah, nanging ketjoepetan wragad.

Sadèrèk Soeganda, pangarsaning konggrès anerangaken dadasar adegipoen P. B. M. T. S., mawi anggepok babad Indonesia.

Ki Hadjar Déwantara, anggelaraken kawadjibanipoen para néneman dateng Indonesia. Kawadjiban waoe karingkes awoedjoed pitoetoer: „koedoe ambangoen oerip anjar" — „haroes membangoenkan pri kehidoepan baroe (samenleving) di Indonesia.

Sagedipoen makaten kedah njoemerepi (risakipoen) djaman sapoenika, sarta pandjanmaning djaman roemijin wonten djaman samangké; perloenipoen ladjeng saged anamtokaken tandang ingkang kanggé ambangoen gesang énggal (ing djaman béndjing) waoe. Dados para néneman kedah anjoemerepi kabar Indonesia, djer ing ngrikoe kedah tepa paloepi ingkang mikantoeki. Pamawasipoen pamedar sabda prakawis kawadjiban waoe, kalaras kalajan dadasar panggoelawentah T.S., i.p. „panggoelawentah mitoeroet garising gesangipoen bangsa Indonesia, sarta ngangkah soepados ingkang ginoelawentah migoenani dateng Indonesia.

Pamedar sabda anerangaken risaking djaman sapoenika, margi sami kontjatan roh kabangsan, sarana ngidoengaken panjandra risaking djaman ingkang kawrat ing serat Kalatida. Ing djaman risak poenika katah néneman isin ngaken Indonesia-nipoen, oep. omong koemedah-kedah mawi basa Welandi lss. poenika nama ngrisakaken adat Indonesia pijambak.

Wasana medaraken warsita dateng para warga P. B. M. T. S., kedah andjagi katentremanipoen pijambak, katentremaning grijanipoen pijambak, nanging sampoen ngganggoe katentremaning sanès. Pamedar sabda ngèngetaken bilih kamardikan ingkang kasoekakaken dateng siswa T. S. poenika wonten watesipoen, awoedjoed tijang sanès. Kanggé anggajoeh kamardikan bab politiek, laré néneman kedah ngatingalaken saged ngadeg pijambak, saged nedahaken jèn saged mentas pijambak. Wasana Ki Hadjar amitoetoeri: „Adja kepéngin pajoeng gilap. Tinimbang pajoeng gilap megap-megap, loewih betjik pajoeng idjo, rojo-rojo! Ora koerang wong noenggang montor mbrebes-mili, wong mikoel tjao rengeng-rengeng", lss. Sesorahipoen Ki Hadjar sanget nenarik manah.

Sasampoenipoen poenika wonten tijang sawatawis ingkang oeroen rembag. Ingkang koela tjatet namoeng sesorahipoen sadèrèk Inajadi anerangaken moendoeripoen panggaotan ing ngriki poenika margi tetijang sami boten poeroen nganggé barang-barang wedalan ngriki awoedjoed tenoenan lss., malah sami nganggé pantalon badénipoen wedalan pabrik Kilénan.

Parepatan wiwitipoen djam 9, bibar djam 11,45 kanti wiloedjeng.

VERSLAGGEVER.

TOETIBOEDHIATI, sadèrèk paredèn; tanda jèn boten oemoek-oemoekan, nanging meenens alijas temenan, sampoen **asok djrèng** f 50 (sèket roepijah) dateng Administratie. Taksih sanggoep mewahi malih. Sinten noetoeti?

Tjepet! Tjepet! Tjepet!

Semoea-moeanja tjepet! Les djoega spoed!

Toean ingin dalam hanja 2 taoen sadja soedah faham bahasa Belanda dan soedah bisa menempoeh Klein-Ambtenaarsexamen? Onkost hanja f 2,50 per boelan, boekoe-boekoe semoea gratis.

Mintalah ini hari djoega proefnummer Spoed-Cursus-Bahasa-Belanda pada:

Inst. Zelfontwikkeling Soerabaja.

MANTJA NEGARI.

TIONGKOK.

Wadybala Nanking, kala mangsah perang kalijan wadya Lèr wonten Shantoeng, kawon, sarta ladjeng loemadjeng dateng Thian Foe.

Barisan Lèr kétjalan njawa lan tijang ketaton éwon, toewin mrijem 105. (Aneta Radio saking Berlin 8 Agoestoes). Pawartos saking Hankow, njarijosaken bilih National City Bank, tampi serat saking golongan kominis neda arta 100 èwoe dolar, manawi boten dipoensoekani badé ngrabasa kita ngrikoe. Ing siti koekoeban Right Powerco, mentas wonten kominis kalih dipoentjepeng, kadakwa panoenggilanipoen tetijang ingkang amedoti kawat-kawat tilpoen.

Chang Teh toewin Hu Nan doemawah wonten pangoewasanipoen kominis. Baita perang „Carado" pangkat dateng Tiongkok kanggé njantosaken baita Inggris ing ngrika.

PERSI.

Manoet pawartos, paréntah Persi noelak panedanipoen Toerki bab éwahing tapel-wates, lan éwahipoen waoe badé saged njakétjakaken panempoehipoen Toerki, dateng bangsa Koerden. (Bangsa Koerden sami brontak nglawan Toerki. Bangsa Koerden sampoen nempoeh grijagrija Toerki ing Urfa toewin Amdin).

NEDERLAND.

Pangéran Takamatsu kalijan garwa (prajagoeng Djepang), mertamoe wonten Rotterdam, sarta lalangen wonten tlaga Kager mawi baita.

Pangéran Damrong kalijan poetra poetrinipoen, (sapoenika sampoen bidal dateng Paris) kala wonten Nederland, saking kapareng dalem S. M. Poetri Wilhelmina kapatedan bintang Grootkruis der orde van den Nederlandschen Leeuw.

PARANGAKIK.

Salebeting pogokan ing Parangakik Lèr wonten pasoelajanipoen golongan sosijalis kalijan kominis. Pakempalan sosijalis trimah manawi koeli-koeli dipoenindaki épahanipoen f 0,25, golongan kominis meksa kentjeng neda indakan f 0.50 sadinten. Golongan kominis ngantjam badé nindakaken tindak pari paksa dateng golongan sosijalis samangsa poeroen njamboet damel.

Margi wontening pasoelajan poenika, dajaning staking ladjeng soeda. Golongan sosijalis sampoen ngoendangaken badé poeroen njamboet damel malih wonten pabrik-pabrik ingkang sampoen sagah ngindaki épahan; kadjawi poenika badé ngawontenaken barisan kanggé andjagi manawi dipoentempoeh golongan kominis.

Hollandsche Neutrale School
Kalitidoe (Bodjonegoro)

betah goeroe pambantoe, ingkang wedalan Kweekschool (kl. 3 vierjarige cursus) langkoeng oetami ingkang sampoen praktijk. Diploma boten perloe, waton gijat njamboet damel. Serat lamaran dateng kepala sekolah.

Lahir ing Gesiekan — Jogja, kanti rahardja

Djoemoewah Pon 8 Augustus 1930

THOMAS ADIWAHJANA

Laré No. 3.

Bernarda Soekisni } *SOERADIBRATA.*
Constantius Soeradi }

KLEERMAKER ACHMAD
TAMBAKSEGARAN
SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng

mawi modèl warni-warni; oegi nampi welingan badé roepi-roepi.

DAMELANIPOEN NÈTJES:
ÉPAHANIPOEN PANTES.

EIGENAAR ACHMADJASIN